

Milik Departemen P dan K  
Tidak diperdagangkan  
Untuk umum

# Menak Cina

## 2

R. Ng. Yasadipura I



ektorat  
ayaan

partemen Pendidikan dan Kebudayaan

899227  
YAS  
m

# MENAK CINA 2

Oleh  
R. NG. YASADIPURA I



Alih aksara: Drs. Sudibjo ZH.  
Alih bahasa: R. Soeparmo

TANGGAL	No. INDIK
28 AUG 1984	1187

Departemen Pendidikan dan Kebudayaan  
PROYEK PENERBITAN BUKU SASTRA  
INDONESIA DAN DAERAH  
Jakarta 1982

**Diterbitkan seizin PN Balai Pustaka**  
**BP No. 1146a**  
**Hak pengarang dilindungi undang-undang**

## KATA PENGANTAR

Bahagiailah kita, bangsa Indonesia, bahwa hampir di setiap daerah di seluruh tanah air hingga kini masih tersimpan karya-karya sastra lama, yang pada hakikatnya adalah cagar budaya nasional kita. Kesemuanya itu merupakan tuangan pengalaman jiwa bangsa yang dapat dijadikan sumber penelitian bagi pembinaan dan pengembangan kebudayaan dan ilmu di segala bidang.

Karya sastra lama akan dapat memberikan khazanah ilmu pengetahuan yang beraneka macam ragamnya. Penggalan karya sastra lama yang tersebar di daerah-daerah ini, akan menghasilkan ciri-ciri khas kebudayaan daerah, yang meliputi pula pandangan hidup serta landasan falsafah yang mulia dan tinggi nilainya. Modal semacam itu, yang tersimpan dalam karya-karya sastra daerah, akhirnya akan dapat juga menunjang kekayaan sastra Indonesia pada umumnya.

Pemeliharaan, pembinaan, dan penggalan sastra daerah jelas akan besar sekali bantuannya dalam usaha kita untuk membina kebudayaan nasional pada umumnya, dan pengarahan pendidikan pada khususnya.

Saling pengertian antardaerah, yang sangat besar artinya bagi pemeliharaan kerukunan hidup antarsuku dan agama, akan dapat tercipta pula, bila sastra-sastra daerah yang termuat dalam karya-karya sastra lama itu, diterjemahkan atau diungkapkan dalam bahasa Indonesia. Dalam taraf pembangunan bangsa dewasa ini manusia-manusia Indonesia sungguh memerlukan sekali warisan rohaniah yang terkandung dalam sastra-sastra daerah itu. Kita yakin bahwa segala sesuatunya yang dapat tergali dari dalamnya tidak hanya akan berguna bagi daerah yang bersangkutan saja, melainkan juga akan dapat bermanfaat bagi seluruh bangsa Indonesia, bahkan lebih dari itu, ia akan dapat menjelma menjadi sumbangan yang khas sifatnya bagi pengembangan sastra dunia.

Sejalan dan seiring dengan pertimbangan tersebut di atas, kami sajikan pada kesempatan ini suatu karya sastra daerah Jawa, yang berasal dari PN Balai Pustaka, dengan harapan semoga dapat menjadi pengisi dan pelengkap dalam usaha menciptakan minat baca dan apresiasi masyarakat kita terhadap karya sastra, yang masih dirasa sangat terbatas.

Jakarta 1982

Proyek Penerbitan Buku Sastra  
Indonesia dan Daerah

## ISI NIPUN

15. Putri Cina kadamelaken pakuwon .....	13
16. Putri Cina damel gelar dhateng Ratu Medayin .....	23
17. Putri Cina nyolong Menak Jayengmurti .....	34
18. Menak Jayengmurti kabekta dhateng Guwa .....	42
19. Putri Cina wonten ing Guwa Kaliyan Menak Jayeng- murti .....	51
20. Raden Jayusman kajumenengaken nata Makili Rama ..	59
21. Prangipun para Raja Wadyanipun Menak Jayengmurti kaliyan ing Yujana .....	71
22. Raosanipun Putri kalih sami madosi Menak Jayengmurti	78
23. Putri Cina ngasih-asih dhateng Wong Agung .....	86
24. Wadya Kuparman kaliyan Yujana sami prang tandhing	95
25. Prang Barubuh .....	103
26. Pejahipun Bandarkung pinedhang ing Putri Karsinah ..	108
27. Wong Agung dipunrepa ing Putri Cina .....	116
28. Putri Cina dipunwuruki donga .....	124

## KATA PENDAHULUAN

Buku seri Menak Cina jilid kedua ini merupakan lanjutan dari jilid pertama dan kisah kembali pada waktu Negara Yujana belum ditaklukkan Sang Agung Menak, tetapi setelah putri Cina mengirimkan surat lamaran pura-pura kepada Sang Raja Medayin, Sang Prabu Nusyirwan, itu tadinya adalah seorang raja yang unggul, banyak raja yang ditaklukkan menjadi jajahannya, raja berwibawa, disegani dan dijunjung tinggi oleh raja taklukannya, namun karena pengaruh jelek patihnya yang bernama Patih Bestak, akhirnya Prabu Nusyirwan sampai menjadi raja buronan Sang Agung Menak, lari mengungsi ke mana-mana, dan juga karena selalu mengikuti nasehat patihnya, minta bantuan dari negara mana saja yang dianggap patihnya dapat membantu mengalahkan Sang Agung Menak. Juga Sang Raja Yujana dianggap Patih Bestak sebagai raja yang dapat menolong Prabu Nusyirwan. Surat lamaran dari putri Cina, oleh Sang Prabu Nusyirwan juga diberitahukan kepada Raja Yujana, dan walaupun mula-mula Prabu Kewusnendar berpendapat bahwa hal itu kurang pantas, akhirnya dia bahkan menyanggupi untuk merayakan, perkawinan Prabu Nusyirwan secara besar-besaran, nanti bila peperangan telah selesai dengan kemenangan. Dan agar persiapannya berjalan lancar, pesangrahan putri Cina lalu dipindahkan ke dalam kota Yujana.

Sementara itu petugas penyelidikan dari pihak Arab, Raden Arya Maktal, juga sudah melaporkan kepada Sang Menak hal-hal mengenai wadya bala Cina dan lamaran sang putri kepada Raja Medayin, dan Ki Arya Umarmaya juga melaporkan, telah berjumpa dengan putri Cina dan kedua perangkat pakaian raja putri oleh Raja Medayin telah diserahkan untuk dipilih.

Dan bukan main girangnya putri Cina melihat pakaian indah itu, kemudian memilih salah satu perangkat yang sesuai dengan tubuhnya. Namun setelah diperhatikan baik-baik, dari tulisan tersamar yang terdapat pada pakaian itu diketahui bahwa pakaian putri

raja itu sebenarnya milik salah seorang permaisuri Sang Menak yang bernama Dewi Sirtu Pelaheli, dan diketahuilah kini siasat buruk dari Raja Medayin itu dan bukan kepalang marah putri Cina.

Di sini kelihatan lagi betapa rendah akhirnya martabat Sang Raja Medayin yang dahulu merupakan raja luhur berwibawa, dipuja-puja oleh demikian banyak sesama raja.

Dan karena terbawa marah, putri Cina lalu memasang siasatnya lagi dengan mengirim surat kepada Prabu Nusyirwan dan Kewusnendar bahwa tentara Cina sudah siap bertempur, agar segera dapat menewaskan Sang Agung Menak.

Terjadilah perang dahsyat antara wadya Arab dan para wadya Yujana, yang akhirnya disudahi dengan kekalahan Yujana; Prabu Kewusnendar tunduk, tetapi setelah bersedia beralih agama, kemudian ditetapkan kembali sebagai Raja Yujana dan bahkan merupakan salah seorang kesayangan Sang Agung Menak.

Kelihatan dalam hal ini, bagaimana sifat dan watak putri Cina itu; seorang putri cantik jelita, sakti, gagah perkasa, namun lekas terbawa oleh nafsu keinginannya dan tak menghiraukan cara untuk dapat mencapai yang menjadi kehendaknya.

Dan hal-hal demikian itu telah pula diketahui oleh Sang Menak, melalui penyelidiknyanya yang ulung Sang Arya Maktal. Itulah juga yang menentukan sikap Sang Agung Menak terhadap putri Cina yang ingin menjadi istrinya.

Peperangan masih berlangsung dengan dahsyatnya, dan putri Cina melakukan siasat lagi dengan menculik Sang Agung Menak secara diam-diam yang kemudian dibawa ke dalam gua. Di dalam gua itulah putri Cina menjelaskan apa sebenarnya maksud kedatangannya menyusul Sang Menak sampai di negara Yujana. Dan Sang Menak, walaupun dalam keadaan terikat tak berdaya, tetapi mengetahui sifat watak putri Cina yang dalam rayuan dan permohonanannya sering pula menyelingkan kata-kata ancaman, tetap teguh menolak permohonan putri Cina. Sebagai alasan dikemukakan bahwa putri Cina sebenarnya telah menjadi istri Raja Medayin yang ayah mertua Sang Menak pribadi, jadi dengan demikian putri Cina adalah ibu mertua Sang Agung Menak, tak pantas kalau di-

peristrinya.

Dengan hilangnya Sang Agung Menak barisan Arab menjadi kacau tetapi atas permufakatan para raja, putri Sang Menak bernama Jayusman, dinobatkan sebagai raja pengganti dan dialah yang bertugas memimpin wadya bala Arab. Peperangan masih terus berkecamuk, dan wadya Arab banyak menderita kekalahan.

Sementara itu setiap malam putri Cina pergi ke dalam gua untuk menemui Sang Menak yang masih dengan terikat disembunyikan di dalam gua itu. Tak ada henti-hentinya putri Cina merayu dan menghimbau Sang Menak untuk bersedia berbelas kasihan kepadanya. Dan setiap kali dia juga memberikan laporan mengenai jalannya peperangan, bahwa kini wadya Arab banyak menderita kekalahan, karena kehilangan Sang Agung Menak. Maka itu Sang Menak dimohon bersedia memenuhi harapannya supaya dapat selekasnya menolong para wadyanya. Namun Sang Agung Menak tetap menolak dengan alasan yang sama.

Kedua permaisuri Sang Menak yang masih tinggal di Negara Kuari, setelah diberitahu tentang hilangnya sang suami, segera menyusul ke Yujana dan ikut berusaha mencari Sang Agung Menak, sekaligus untuk mengetahui keadaan barisan di pihak musuh. Mereka berdua selalu pergi di waktu malam dengan mengendarai garuda dan burung merak sakti, hingga cepat dapat bergerak meneliti kedudukan musuh.

Hal demikian itu memang sudah menjadi kebiasaan wadya Arab; sebelum maju perang, ingin mengetahui lebih dahulu bagaimana keadaan pihak musuh agar dapat bersiap-siap lebih cermat. Maka itu Sang Menak dengan para wadyanya selalu dapat menguasai keadaan dan akhirnya menang dalam perang. Kedua putri dalam perjalanannya, pernah dilihat oleh putri Cina yang merasa kagum atas kerelaan dan keberanian kedua putri itu untuk membela suami dan para wadyanya dalam perang. Perasaan itu menyebabkan putri Cina sangat mengabdikan, bahkan kalau dapat berteman dengan kedua putri tersebut. Namun ke mana pun kedua permaisuri itu mencari, sang suami tetap hilang belum dapat ditemukan. Setelah itu putri Cina pergi lagi ke dalam gua, menceritakan peristiwa tentang kedua permaisurinya, dan mohon dengan sangat agar Sang

Menak masih berkenan memberikan belas kasihannya, dengan kata-kata yang sangat manis dan merendah diri. Bahkan menceritakan pula pesan orang tuanya bahwa kalau putri Cina dapat diterima Sang Menak, mereka akan menyusul dan menyerahkan kerajaannya. Namun Sang Menak tidak banyak bicara dan tetap pada pendiriannya. Ini membuktikan sekali lagi sifat dan watak Sang Menak yang teguh pada pendiriannya dan sesuatu yang diperoleh harus ditebas dengan usaha bekerja, kalau perlu dibela mati-matian. Peperangan berjalan terus, dan wadya Kuparman lebih banyak lagi menderita kekalahan. Ketika putri prajurit itu melihat bahwa putra Sang Menak, Raden Ruslan dapat dikalahkan musuh dan menderita luka cukup parah, mereka tak dapat menahan rasa hatinya dan Dewi Sirtu Pelaheli meniup ke bawah di atas burung saktinya, berperang tanding dan dapat memedang musuh yang melukai putranya hingga musuh menemui ajalnya.

Di dalam suasana perang yang masih berlangsung terus, putri Cina setiap malam masih tetap mengunjungi Sang Menak di dalam gua, dengan memohon-mohon, merayu, menghimbau, kadangkala juga mengancam, tetapi juga memberikan kesediaannya untuk menghancurkan musuh. Namun mendengar rayuan, himbauan, tetapi kadangkala ancaman yang segera diikuti dengan kesediaan membantu, kesemuanya bahkan makin meneguhkan hati Sang Menak untuk tidak menerima pengabdian Sang Putri itu.

Sementara peperangan masih berlangsung dengan hebatnya, Ki Raden Umarmaya mengembara di tengah hutan mencari ilham bagaimana dapat menemukan Sang Agung Menak yang masih tetap hilang. Dia bertapa, di tempat dia dahulu berjumpa dengan kakek tua yang telah menghadihinya wasiat/gendang Iskandar yang ternyata memang sakti.

Tiba-tiba saja sang kakek tua sudah muncul di hadapannya, dan segera Ki Umarmaya mohon diberi petunjuk seperlunya. Dan sang kakek pun memberi petunjuk di mana letak gua yang dibuat menyembunyikan Sang Menak, namun juga dikatakan bahwa Sang Menak baru dapat dilepaskan setelah empat puluh hari tersekap dalam gua itu. Walaupun demikian Ki Umarmaya telah merasa lega, bahwa Sang Menak tak lama lagi akan dapat kem-

**bali.**

**Pada suatu malam setelah putri Cina kembali dari gua dan usahanya masih tetap tidak berhasil, emban pengasuhnya menyarankan untuk menerapkan guna-guna sakti.**

**Entah karena hampir putus asa atau memang watak sang putri Cina kurang mantap dalam menghadapi kesukaran, ia bersedia mengikuti saran embannya.**

**Demikianlah secara sepintas kilas tentang isi buku Menak Cina jilid kedua ini.**

## 15. PUTRI CINA KADAMELAKEN PAKUWON

### MIJIL.

1. Dene nora kapareng wong iki  
lawan karyaningong  
marengana mendah ta sukane  
sampurnaa ing aprang puniki  
iki kaki patih  
wong tuwa rumuhun.
2. Dadi kiring katindhihan Cengkir  
becik kang mangkono  
yen kiringa nindhihi cengkire  
pan kasungsang patih milalati  
putri Cina iki  
mengko karsaningsun.
3. Sun aturi manjing jro nagari  
aja amakuwon  
neng pasisir asaru delenge  
desa Parangjara iku Patih  
wus padha ambalik  
milu Jayengsatru.
4. Patih Jawiarta dentimbali  
prapteng ngarsa katong  
Kewusnendar alon timbalane  
heh Apatih resikana aglis  
ing Palangsendari  
wangunen tatarub.
5. Putri Cina arsa sun pondhongi  
karyakna pakuwon  
den samekta sauparenggane  
iya dadekna padha tumuli  
sandika Kya Patih  
medalira gupuh.

6. **Ngrakit pakuwon Palang-sendari  
wau ta Sang Katong  
Kewusnendar alon andikane  
Patih Bestak matura Rama Ji  
putri Cina iki  
sun aturi kuwu.**
7. **Aneng Palangsendari yen uwis  
Rama Ji lan ingong  
iya padha atetemu dhewe  
Jawiarta lan sira tumuli  
sun kon angaturi  
marang Sang Retnayu.**
8. **Dhusun ageng ing Palangsendari  
kaprenah lor kulon  
saking Kewusnendar pakuwone  
pinggir kali kali angubengi  
pasitene resik  
wismane gung-agung.**
9. **Saking pakuwone Jayengmurti  
prenah kidul kulon  
binusanan respati rakite  
kuneng wau kang winarna malih  
Arya Pulangwesi  
lampahira rawuh.**
10. **Saking umarek rajeng Medayin  
lajeng mring pakuwon  
sang Jayengmurti lenggah rowange  
amung Wong Agung ing Ngalabani  
neng ngarsa tan tebih  
pan lagya umatur.**
11. **Arya Maktal mring sang Jayengmurti  
ngaturken wawados  
putri Cina kang dadya praptane**

Adaninggar kang anyalawadi  
kasaru kang prapti  
Umarmaya lungguh.

12. Matur ing reh sang rajeng Medayin  
tingkah kang linakon  
mung satunggal kang raja kaputren  
tatanggon kang badhe denparingi  
putri Cina nenggih  
ngarsane sang prabu.
13. Inggih nedya mawongan anyethi  
ing rama Sang Katong  
amba sinung uninga surate  
saking sang putri kula watawis  
amindho papani  
loropan kang wangun.
14. Wangun tembung mindakeng krama sih  
ning rama Sang Katong  
kadi boten uninga semune  
alon ngandika sang Jayengmurti  
bener sri bupati  
panganggoning ratu.
15. Yayi Maktal samengko ing jurit  
aja na kang miyos  
padha ndhedhepa pitambah bae  
namun nora Kewusnendar mijil  
kabeh wadya mami  
aywa na kang metu.
16. Umarmaya aturira aris  
pukulun kang kanggo  
mung satunggil kang raja kaputren  
putri Karsinah agemireki  
putri Parangakik  
kinen mbekta wangsul.

17. Boten kangge dedega tan sami  
amung sang lir sinom  
putri Karsinah sami lencire  
malah amba asisan tinuding  
mring pakuwoneki  
putri Cina wau.
18. Kinen maspadakna ingkang warni  
lencir ayu kaot  
mila agem Karsinah kang kangge  
mila mangke Rama Paduka Ji  
kagimir kagingsir  
tyase wus karidhu.
19. Angandika sang Surayengbumi  
yayi wadyaningong  
upacara wong Cina samangke  
wong rong leksa aja wira-wiri  
kepalane sami  
awerana iku.
20. Marang pakuwon Cina samangkin  
akarya ing pandoh  
kawistara asamar semune  
salah graita kang aningali  
dimene wong cilik  
temu sanakipun.
21. Arya Maktal sandika wotsari  
makatena kados  
ya ta lami akendel yudane  
putri Cina sampun denpondhong  
mring Palangsendari  
lan sawadyanipun.
22. Masanggrahan neng Palangsendari  
asri kang pakuwon  
ambranang genis bang tarube

pinalisir sutra pita wilis  
motha pager bumi  
weh eram kang ndulu.

23. Rajeng Yujana rajeng Medayin  
andika susugoh  
ya ta wau sang prabu kalihe  
arsa panggih sang putri pribadi  
sang rajeng Medayin  
abusana luhung.
24. Abajo mas apadaka rukmi  
kinitir bang ijo  
langkung asri ebyur bat-ebata  
gandhowara agapura pending  
bebesar ketebing  
amangkawa gummyur.
25. Makutha belah bawa buka sri  
akarawistha byor  
nenetrane krawistha enggone  
intene sasentul-sentul sami  
baskarendra giri  
aprabawa barung.
26. Abobondhan babadhong bangun jring  
mawarna gora byor  
abintulu buntala srebage  
atambang leher markata mentrik  
inon angebati  
kadi Wanakirun.
27. Prabu Kewusnendar kang umiring  
neng rata binarong  
wadyanira gumuruh gora reh  
wahana kuda blegdaba esthi  
pambareping baris  
para ratu-ratu.



28. Inkgang sami makutha buka sri  
punggawa totopong  
kere baruti bajo mas kabeh  
Kya Patih Cina wus acacawis  
acara jro puri  
amanggihi tamu.
29. Praptanira sri bupati kalih  
wus kendel Sang Katong  
Patih Cina manggihi tamune  
kinen atur uninga ing gusti  
Kyana Patih prapti  
ing ngarsa Sang Ayu.
30. Wus winisik ing karsa Sang Putri  
sadaya wus kawot  
pan kinandhut serat pitungkase  
sigra medal wau Ki Apatih  
panggih raja kalih  
ingirid malebu.
31. Nanging winisik marang Apatih  
sampun ta kadangon  
yen apanggih lan gusti nah angger  
lagya wonten gerahe Sang Putri  
lumakyeng jaladri  
kadi mambet arus.
32. Lenetira mbekta abdi kalih  
sapraptanireng jro  
putri Cina sah saking dhampare  
mung sakedhap sarwi ngacarani  
mring sang prabu kalih  
wus tata alungguh.
33. Pan kumepyur Bathareng Medayin  
mulat sang lir sinom  
samy obah babalunge kabeh

pan sumaput sakala Sang Aji  
yen sampuna eling  
lamun ratu agung.

34. Raja Kewusnendar angejepi  
patih Cina kinon  
mijil mundhut kang raja kaputren  
prapteng ngarsane sang prabu kalih  
Kewusnendar angling  
punika mas ratu.
35. Rama Prabu Medayin ngaturi  
dhateng sang lir sinom  
aprantandha kang raja kaputren  
sapanjenengan Sang Rajaputri  
lan malih angturi  
pisalin wadya gung.
36. Sagung parekan emban lan cethi  
pitung atus gotong  
pitung ewu kodhi sadayane  
putri Cina mung ndheku tan angling  
kang netya awingit  
Kewusnendar muwus.
37. Sampun taha paduka Sang Putri  
yen arsa kalangon  
ing Yujana katur saisine  
inggih Yujana inggih Medayin  
andheku Sang Putri  
nanging tan sumaur.
38. Raja Kewusnendar nulya pamit  
lan Rama Sang Katong  
wruh Sang Putri agawat semune  
risaking sarira pan katawis  
yen geraha kadi  
marmanya mit mantuk.

39. Sarawuhe pakuwon Sang Aji  
Nusirwan anjoto  
semang ing tyas saput pandulune  
barang katon cinipta sang putri  
meh jawal ing pikir  
yen sampuna ratu.
40. Kadi mayeng angusir pasisir  
gung ngame anglamong  
kuciwane emut ratu gedhe  
pinituwa sinembah para ji  
madhedheg madhidhig  
tyasira madhudhug.
41. Mingak-minguk sare ringak-ringik  
wungune anjongok  
ngungak-ungak malongo amengleng  
ngolang-ngaling angiling-ilingi  
gambar anyar dadi  
sinawang sinawung.
42. Tyas kaprabon kang prapta anyapih  
solahe nistha wor  
dadya ngonggo-onggo minggu bae  
kuneng ing Cina sang rajaputri  
pinarek ing cethi  
saungkure tamu.
43. Sagung pisungsung saking Medayin  
tan ana kang tinon  
amung miyat kang raja kaputren  
langkung eram pinundhut ing cethi  
neng tadhahan rukmi  
sumaos ing ngayun.
- 44 . Nenetrane deniling-ilingi  
sang dyah langkung gawok  
saben-saben sakara wisthane

isining inten amolung supit  
sakudhup melathi  
neracak gengipun.

45. Karawisthane aniga sisih  
kajawi kang roro  
ngarsa wuri pindha garudhane  
isining inten mitulas sisih  
neracak gengneki  
sakudhuping menur.
46. Lawan here pinunjul sabumi  
sang retna agawok  
nora kaprah lan manungsa here  
her baskara kalawan her sasi  
herkilat her thathit  
lumintang andaru.
47. Ginunggung satu sawidak nengghih  
samyasosotyabyor  
denubengi sang dyah pandulune  
raja kaputren winolak-walik  
baya deniseni  
heh mban Siwangsiwung.
48. Pamapage sang rajeng Medayin  
suwene sun anon  
raja kaputren tyasingsun rongeh  
apa kemat sumbaga lan dhesthi  
tyas sun senak-senik  
umiyat kumepyur.
49. mBan Siwangsiwung matur wotsari  
dhuh gusti sang sinom  
yen makoten kang raja kaputren  
tinebihken sampun dentingali  
ngandika sang putri  
ing tyas kudu ndulu.

50. Sira biyang miluwa ningali  
Siwangsiwung gupoh  
marek umiyat raja kaputren  
inggih gusti tan pantes neng bumi  
manawi neng langit  
angger pantesipun.
51. Siwangsiwung andulu mucicil  
dangu-dangu anon  
krawisthane ing wuri enggene  
gusti wonten tulise puniki  
kagyat rajaputri  
srinata pinundhut

## 16. PUTRI CINA DAMEL GELAR DHATENG MEDAYIN.

### SINOM

1. Sastra kang munggend krawistha  
pinandeng dening sang putri  
winaos pemut tembungnya  
raja kaputren puniki  
saking Ismayawati  
masiyati marunipun  
putri adi Karsinah  
Rabingu Sirtupelaheli  
gagaweyan kemasane ejin Ngajerak.
2. Kalawan Retna Sudara  
putri adi Parangakik  
pan sami winasiyatan  
raja kaputren saking jin  
ajine kang sawiji  
padha lan nagri tetelu  
nagari kang satunggal  
kang isi dhomeas bupati  
kang nampani bulu bekti patang yuta.
3. Lan ratune kang prakosa  
sudibya prawireng jurit  
yene nora mangkono ora  
nimbang ingkang pangaji  
raja kaputren siji  
manawa ratu rong puluh  
sang Retna Adaninggar  
sawusnya amaos tulis  
teka niba gumuling tan mawi bantal.
4. Suka kadya kapidhara  
kagyat mban parekan cethi  
sawungune Adaninggar  
pungun-pungun ngandika ris

sarwi mesem pan iki  
biyang emban Siwangsiwung  
dudu ingkang gondhalan  
si dhawuk rajeng Medayin  
kang aduwe iki bakal maruningwang.

5. Putri adi ing Karsinah  
kang mbok Sirtupelaheli  
apa ta iki sinelang  
mring si dhawuk ing Medayin  
mejanani negari  
nora nana wohing kutu  
putrine rajeng Cina  
ayu prawira ngajurit  
yen kramas oleh pamapag selangan.
6. nJalebudaken nagara  
si gerang rajeng Medayin  
sumakehan sumakehan  
si bongkrang Nusirwan mentrik  
duwe mantu linuwih  
Surayengjagad pinunjul  
apa ta ratu kumpra  
gupuh-gupuh arsa krami  
pamapage raja kaputren selangan.
7. Dhuh lae nora kayaa  
tumrecep arabi putri  
ing Cina Retna Dainginggar  
ayu prawira ngajurit  
gumampang wong Medayin  
lamun nora beya samudra ludira.
8. Lan sarah sirahing raja  
lulumut bangkening mantri  
raramon gembung punggawa  
ngebeki Bangawan Mesir  
ing Bagawan Marvanil

lan anjugrug ing Gunung Kud  
bubrah Kakbah ing Mekah  
manawa sida akrami  
iya lawan putrine wong agung Cina.

9. Wau Retna Adaninggar  
sangsaya kambah wiyadi  
sawusnya maos pratandha  
kang munggend kaputren nenggih  
kagungane sang purti  
Karsinah Retna Rabingu  
Sirtupelaheli pelag  
tyasira saya ngranuhi  
salin cipta katon putri ing Karsinah.
10. Nimbali rekyana patya  
prapta ngandika sang putri  
bapa patih sira bisa  
apawong sanak lawan jin  
matur rekyana patih  
angger angel marginipun  
tan kenging ginagampang  
agawat angliliwati  
datan wonten ingkang waged amresanak.
11. Yen kenginga ginagampang  
baya njeprah kang rabi jin  
pinten ta isining jagad  
ratu sangisoring langit  
saluhuring pratiwi  
dereng wonten wartosipun  
mung satunggil punika  
Wong Agung Surayengbumi  
jer punika tinitah musthikaning rat
12. Malah ta pinintasraya  
ing aprang dening ratu jin  
lah sinten ingkang mamadha

tinulada boten kenging  
Wong Agung Jayengmurti  
Surayengjagad pinunjul  
menak papakuning rat  
adarbe putri ratu jin  
Adaninggar miyarsa wuwuh wuyungan.

13. Iya Patih wruhanira  
kang pamapag Sri Bupati  
Medayin kaputren ika  
iya saking putrining jin  
Dewi Ismayawati  
masiyati marunipun  
rajaputri Karsinah  
Rabingu Sirtupelaheli  
ana ciri surat muni karawistha.
14. Tegese sapa kang krama  
lan Wong Agung Jayengmurti  
sayektine pinilala  
mring Retna Ismayawati  
yeku kapengin mami  
mamaru putri pinunjul  
nora isin anembah  
dhasar tuwa putrining jin  
saya memet nggoningsun kandhahan rimang.
15. Padma munggeng antariksa  
Wong Agung Surayengbumi  
kalintang sun ela-ela  
yayah trunaning udadi  
karoban ing pawarti  
rangu-rangu kapingrangu  
wirangrong karungrungan  
praja tampingan Serandil  
pan kabobo ing reh durung antuk marga.
16. Pustakaraja rinengga

ngur matiya awakmami  
sasmita ngula wisuda  
yen tan tulusa papanggih  
kang karya lara brangti  
Wong Agung Anjayengsatru  
Surayengpramudita  
migena apulang siti  
ing sakarat tontonon awora cipta.

17. Patih wus tinundhung medal  
sang retina niba aguling  
kabyatan lara asmara  
tan ana kacipteng galih  
amung sang Jayengmurti  
cumanthel aneng pandulu  
dangu rarasing driya  
wiyoga buntu tyasneki  
ngunandika age sampurnaning aprang.
18. Sang retina sigra nunurat  
katur mring rajeng Medayin  
miwah Prabu Kewusnendar  
angamadaka miranti  
pamrihe ing ngajurit  
aywa lawas dimen uwus  
dadya kang punang surat  
cundaka prameya mantri  
lumaksana katuring Prabu Nusirwan.
19. Gya tinampan kang nawala  
walgita sinukmeng galih  
yen Sang Prabu amrih enggal  
panggih lan sarira mami  
wekasana ing ngajurit  
sirnane madyeng prang pupuh  
Wong Agung Kakungingrat  
sawadya para narpati  
yekti enggal panggih samangsa-mangsa.

20. Kagyat kang duta tinar  
sakala prabu Medayin  
mring pakuwon Kewusnendar  
gupuh denira nedhaki  
pamethuke sang aji  
mring kang rama wus atundhuk  
lenggah neng singasana  
sinungken suratira glis  
kang paminta saking rajaputri Cina.
21. Kadriya Sri Kewusnendar  
gumujeng aturireki  
mring kang rama Sri Nusirwan  
putri ing Cina puniki  
tegesipun pan apik  
kedah sarenga pukulun  
lawan damel kawula  
panggihe sang rajaputri  
putra tuwan Marpinjun sasarengana.
22. Yen makaten mbenjang-enjang  
amba miyos ing ngajurit  
nunten tuwan dhawuhana  
dutane sang rajaputri  
sampun sumelang galih  
antakane Jayengsatru  
saderenge palastra  
prasasat sampun ngemasi  
wus katekem neng tangane Kewusnendar.
23. Kondure Prabu Nusirwan  
duteng Cina dendhawuhi  
matura aja sumelang  
ing pamundhute sang putri  
pasthi kalakon nuli  
duteng Cina nambah muncur  
mantuk matur gustinya

kuneng dalu tan kawarni  
wong Yujana enjang anembang tengara.

24. Kendhang gong beri sauran  
teteg munya wanti-wanti  
umeb gagaman Yujana  
wadya punggawa wus mijil  
wadya Ngarab miyarsi  
nimbang tengara umung  
sagunging para raja  
mijil ing papan miranti  
lir samodra wutah mbelabari papan.
25. Miyos prabu ing Yujana  
lan sang prabu ing Medayin  
aglar punggawa ing ngarsa  
satriya mantri prajurit  
Wong Agung Puserbumi  
lan sawadya para ratu  
mijil marang paprangan  
tata pra samya alinggih  
pan kinubeng Wong Agung Surayengjagad.
26. Lunggyeng patarana emas  
ratu wadana pra sami  
neng wijohan paloretna  
Maktal Marmaya tan tebih  
kepung kapang kang baris  
ya ta wau sang aprabu  
Yujana Kewusnendar  
ngrasuk kapraboning jurit  
nitih kuda mangsah marang rananggana,
27. Surak bala ing Yujana  
miwah wadya ing Medayin  
lir gora manengker wiyat  
prapta ing papan sisirig

susumbar nguwuh tandhing  
payo sapa arsa lampus  
endi si Kakungingrat  
metuwa padha prajurit  
arok bandawala pati ngadu yasa.

28. Wau tan betah miyarsa  
Sri Bupati ing Kuwari  
amit ngraup pada sigra  
ingiden mangsah tumuli  
nitih kudanireki  
kawot kaprabon prang pupuh  
prapteng madyaning rana  
ayun-ayunan wus panggih  
Kewusnendar marepeki mandhi watang.
29. Heh pagene iku sira  
Kemar metu ing ngajurit  
sira ratu tanpa guna  
kalah prang nungkul angabdi  
Raja Kemar nauri  
Kewusnendar sira bingung  
agama luwih sasaran  
Jeng Gusti Surayengbumi  
agamane agama luwih minulya.
30. Payo nuli lekasana  
Kewusnendar ing ngajurit  
angling prabu ing Yujana  
sira tan pantes atandhing  
endi si Jayengmurti  
kang pantes tandhing lan ingsun  
sira ratu pedhotan  
Kemar sumaur nudingi  
aja langar Kewusnendar anumbaka.
31. Angling Prabu Kewusnendar  
den prayitna Sri Bupati

akudhunga bandabaya  
suntumbak aja gumingsir  
tinumbak Sri Bupati  
kang parise waja terus  
kena wentise kiwa  
aniba rajeng Kuwari  
pan kantaka Kemar sampun ginosongan.

32. Raden Samtanus mit nembah  
arine rajeng Yunani  
ingiden sigra umangsah  
sampun anitih turanggi  
sikep gada wus prapti  
ing payudan asru muwus  
sang Prabu Kewusnendar  
sapa aranmu prajurit  
angakuwa mumpung isih duwe nyawa.
33. Ingsun satriya ing Yunan  
arine sri narapati  
Prabu Tamtanus kang tuwa  
Raden Samtanus sun iki  
nateng Yujana angling  
apa kang aneng sireku  
Samtanus tamakena  
angling satriya Yunani  
dudu watak wadya Rab ndhingini kang prang
34. Kewusnendar anumbaka  
nateng Yujana sru angling  
lah iya sira tangkisa  
suntumbak aja gumingsir  
ngembat lawung kumitir  
tinumbak Arya Samtanus  
parise waja sigar  
anrus lambungira kanin  
niba saking kuda Samtanus kantaka.

35. Sigra wau ginosongan  
Kewusnendar asisirig  
turangganira Jongwiyat  
mider ing papan sang aji  
wau rajeng Yunani  
amit ingiden umagut  
Tamtanus langkung duka  
arine anandhang kanin  
prapteng papan tanya rajeng Kewusnendar.
36. Prajurit aranmu sapa  
baya sira Jayengmurti  
Prabu Tamtanus saurnya  
ya ingsun rajeng Yunani  
mau kang nandhang kanin  
Samtanus pan ariningsun  
heh payo Kewusnendar  
den padha angungsi pati  
Kewusnendar ngayati watang lumarap.
37. Tinangkis ing parise waja  
samyak rikating ngajurit  
waose rajeng Yujana  
tumancep parise aglis  
wau rajeng Yunani  
angipat parisanipun  
sarwi angetap kuda  
putung waosira kontit  
rajeng Yunan mrepeki ngayati pedhang.
38. Rajeng Yujana ambuwang  
wang parisane aglis  
kinudhungaken turangga  
amedhang rajeng Yunani  
parisanira manjing  
Kewusnendar kebatipun  
ngipat putung kang pedhang

samya wasising ngajurit  
kadya guntur surake mungsuh lan rowang.

39. Rame tan ana kuciwa  
pedhang wus tan migunani  
sareng dennyia seleh pedhang  
aramé bindi-binindi  
malah kasaput wengi  
kang aprang pur teteg mundur  
kalihe masanggrahan  
ing dalu bujana sami  
mungsuh rowang andrawina maskumambang.

## 17. PUTRI CINA NYOLONG MENAK JAYENGMURTI

### MASKUMAMBANG

1. Kawarnaa wau ta sang rajaputri  
Retna Adaninggar  
metak wiyoganireki  
agung amaca udrasa.
2. Awuyungan bingung tyase poyang-paying  
kaledhon ing karsa  
dhompo kuwur kowar-kawir  
andadak tindak kadadak.
3. Karya agni ngobar kutug kayu manis  
menyan madu ana  
saendhasing gajah mati  
mubal urube kang dupa.
4. Amumuja wau ta sang rajaputri  
amung ciptanira  
bingung temah metu runtik  
kang cinipta jroning puja
5. Kaki Andhol Ong Ti te wetokna aglis  
Hyang Latawal Ujwa  
kuda sakaprabon jurit  
lan tambang talikem tular.
6. Sasireping dahana turangga mijil  
saking ing pawaka  
sakaprabon saput ranti  
myang tambang talikem tular.
7. Sireping wong sang dyah anilib ing katri  
sawiji tan ana  
ngawruhi solahing gusti  
anrakit kaprajuritan.

8. Bajo wulung sutra alancingan langking  
amben pekak madya  
angiwa gandhewa gadhing  
asikep pedhang nyuriga.
9. Atarincing mathinthing putri prajurit  
endhonge sinandhang  
tan mantra prajurit estri  
ngungkuli prajurit priya.
10. Sigra nitih sang retina ing kuda janggi  
sinabet umesat  
saata tan napak siti  
cumalorot kadya kilat.
11. Tengah dalu praptane sang rajaputri  
pasanggrihan Ngarab  
wus tedhak saking turanggi  
lumampah kuda tut wuntat.
12. Lajeng manjing baris ageng rajaputri  
sigra matak mantra  
sisirepe angeneni  
kabeh song ing pasanggrahan.
13. Anggelasah sadaya wus samya guling  
lajeng lampahira  
sang retina mubeng ninitik  
kapethuk ana wong nganglang.
14. Wadyanira Adipati Guritwesi  
pakuwon wadya Rab  
ping tiga dipunubengi  
prajurit Kaumarmayan.
15. Kalih atus samya methuk maling julig  
ngagem lembing cacap  
sasandhok pedhang lan tamsir  
sang rajaputri sinapa.

16. Kagyat ngungun dene ta maksih kaeksi  
wong kang nyapa ika  
mrepeki ngaruh-aruhi  
dening ta rupane Cina.
17. Si patayar bengi-bengi marang endi  
wong Kaumarmayan  
panyanane tan kuwatir  
anarka yen Cina kanca.
18. Langkung ngungun sang putri gya mangun malih  
kang mantra utama  
sisirep kang luwih mandi  
kapethuk malih wong nganglang.
19. Nora nyapa liniwatan wira-wiri  
wus eca tyasira  
kabal istijrate nengguh  
sang dyah njajah pasanggrahan.
20. Sampun manjing pakuwon ageng sang dewi  
ingkang linangkungan  
tan ana walang salisik  
paseban jro lan ing jaba.
21. Kori tundha sadaya marapat sami  
kulon kidul wetan  
tan beda lor rakitneki  
pan sami tundha sadaya.
22. Wonten kawan leksa wadya gung kang kemit  
miwah wong patayar  
sang putri sampun umanjing  
sarwi anuntun turangga.
23. Saking kori kang ler lebeta sang dewi  
saben kori tundha  
damar ageng amarapit  
kang kemit wus anggelasah.

24. Lampahira saben kori denendhegi  
pinandeng minantran  
korine menga pribadi  
pager pakuwon sadaya.
25. Motha dadu sangkelat kinarya ringgit  
winuwungan sutra  
kinayu apu linangsir  
wau lampahnya sang retna.
26. Sampun manjing kori kang sapuluh nenggih  
prapteng palataran  
tan ana ingkang udani  
sang retna mulat anganan.
27. Ana cungkup linangse linapis-lapis  
nulya pinrepekan  
ampingan sedyanireki  
enggene Askar Duwijan.
28. Karsanira aso panjejepireki  
tan wruh anggen turangga  
Askar-diyu berik-berik  
munya kadi gugah-gugah.
29. Kang akemit sadaya kadi ngemasi  
kagyat sang lir retna  
tan wruh yen enggen turanggi  
linangse tinundha-tundha.
30. Sinirepan Arkar Duwijan tan keni  
kinepyuran lemah  
wali-wali maksih muni  
thakur-thakur gidrah-gidrah.
31. Sang retna yu langsene winiyak aglis  
ingkang tundha sapta  
Askardiyu denlebeti  
lah ta ika jaran apa.

32. Dadak nora tumama ing sirep mami  
ajiningsun uga  
sisirepe wong sabumi  
sagung kumelip kakenan.
33. Yen sunwatek kabeh saisining bumi  
tan ana kang gagal  
isining samodra keni  
kutu-kutu walang taga.
34. Iki kuda dadak luput sirep mami  
sang dyah esmu duka  
turangga pun Askardiyu  
sinabet tali kementular.
35. Netranira Askardukwijan kang keni  
sangsaya abigar  
ambuka netranireki  
nenggih kang munggend andheman.
36. Panthelenge kadya netraning raseksi  
sang retna umiyat  
kumepyur maras muriring  
eram unduring lon-lonan.
37. Ngandikeng tyas lah iya sun salin margi  
kang adoh gedhogan  
jara iki dubilahi  
agila ingsun tumingal.
38. Medal malih angilen sang rajaputri  
marang pupungkuran  
tan beda gunge kang kemit  
nanging tebih tan turangga.
39. Sigra manjing saking pungkuran sang dewi  
ngrampit pager motha  
tigang sap wus manjing malih  
andungkap ing pasareyan.

40. Kudanira tinar cinancang jawi  
wus manjing sang retina  
miyat kaleja kang samir  
sang dyah ngunandikeng driya.
41. Pauthi kene enggone sang Jayengmurti  
tyase tarataban  
sang dyah miyak langse malih  
katingal wau kang nendra.
42. Damar lilin sakawan kang mungging jawi  
kang langse rangrangan  
enggone sang Jayengmurti  
ingkang datan mawi damar.
43. Sasaosan inuman aglar ing jawi  
gelas nawa retina  
sang putri tyasnya kumitir  
ketir-ketir melang-melang.
44. Ciptanira ing Cina sang rajaputri  
sun gawane lunga  
mring alas enggon kang sepi  
jodheh yen ing pasanggrahan.
45. Liwunging tyas madeg suranireng galih  
kang langse rangrangan  
winiyak ing asta kering  
kagyat mulat cahyanira.
46. Kadya wulan ping patbelas andhadhari  
sang dyah ngucap jaja  
dudu manungsa Wong iki  
cahyane kagila-gila.
47. ngGenny lenggah neng dagan arda kepering  
wentise sang retina  
meh gathuk lan jempol sikil  
dangu mung mawas wadana.

48. Miyat ngandhap kagyat sang retina ngingse  
geni pangrasanya  
maletik meh tibeng wentis  
sigra dinumuk jempolan.
49. Jempol sikil sigra denira nyekeli  
binuka lir lintang  
ginegem nora kaeksi  
winedhar malih gumebyar.
50. Dangu denny meng-amengan jempol sikil  
kenaka sadaya  
binuka pating parelik  
kadi cahyaning kencana.
51. Mas kang tuwa wineweh sinangling-sangling  
amung kang kenaka  
ing jempol murub nelahi  
sang retina gung tebah jaja.
52. Nora lidok ing serenging ati mami  
brangta ambek pejah  
iya mring Wong Agung iki  
aneh wong sapramudita.
53. Dangu pijer amawas jempol sikil  
meh lali pratingkah  
katuju sirepe mandi  
wong sapakuwon lir pejah.
54. Panah endhong gandhewa pedhang tan tebih  
papalanganira  
enggone kaprabon jurit  
munggeng kiri lawan kanan.
55. Endhong panah gandhewarsa dentingali  
cinandhak tan kena  
rinanggeh-ranggeh ngedohi  
ginayuh-gayuh manculat.

56. Pinrepekan atinggal palangkaneki  
sang dyah langkung eram  
tan antuk andumuk siji  
kabeh kapraboning aprang.
57. Adaningsar gawok gumujeng pribadi  
kang sare tan obah  
umadeg suraning galih  
tyasnya ayudakenaka.

## 18. MENAK JAYENGMURTI KABEKTA DHATENG GUWA

### PANGKUR

1. Sang retnarsa matak mantra  
lan anglekasaken kang darubesi  
mrih tutug sapolahipun  
madeg amatak mantra  
aneng dagan tiba kantep pan sumaput  
gumeter tanpa upaya  
adangu konjem ing siti.
2. Wungune sang dyah micara  
dhuh Wong Agung boten salah ing kapti  
kawula nedya rahayu  
amrih angestu pada  
ngadeg malih dereng tutug kajerungub  
amenggah gya matak yoga  
aji pamungkasing kaki.
3. Aji pangracut buwana  
minggu asidhakep anenga langit  
satengah jam denny njentung  
prapta kang bayu bajra  
pancawara gora riwut siwat-siwut  
sang retna amudhar asta  
prapta udan riwis-riwis.
4. Kang tambang tali kemtular  
ingubetken ping pitu wali-wali  
ciptanira sang dyah ayu  
sisa ngesat sagara  
yekti bisa puniku anggempur gunung  
upama yen kinarepna  
kaconggah ambubrah langit.
5. Tuhu yen putri prawira  
mandraguna sumbaga sura sekti

cinandhak jejempolipun  
suku malih ping sapta  
dyan ingaras wali-wali ping sapuluh  
Wong Agung sigra pinolah  
sarira winolak-walik.

6. Kadya lajenga kantaka  
saking dening sakeca jroning guling  
amung kang cahya kumutug  
tembang tali kemtular  
binebedken awit sanginggiling sikut  
sangandhap suku punika  
sapangandhap prapteng sikil
7. Sangandhap jengku punika  
ing kang tambang tali kemtular maksih  
tigang dhepa ing kang kantung  
Wong Agung gya ingangkat  
wus binakta medal winot ing kudeku  
ginoyot tali kemtular  
kukuh binekta lumaris.
8. Saking pakuwon wus medal  
manjing wana ana guwa geng keksi  
kuda kinendelken ngriku  
jawining lawang guwa  
sang dyah sigra manjing jroning guwa gupuh  
kanan keringe dhinupak  
rinata jembar wus radin.
9. Wong Agung wus inguculan  
saking kuda binekteng jro wus manjing  
godhong pelasa tinumpuk  
kadi kasur tinata  
rajaputri gya nitih turangga mamprung  
mung sakedhap praptanira  
pakuwon Palangsendari.

10. Ngambil karang ulu gobah  
tuwin kasur cangkalak nulya bali  
lampahing kuda lir ndaru  
sapraptaning jro guwa  
pinapajang asri uparengganipun  
sang retna anarik pedhang  
ingaben lan waja tamsir.
11. Murub sang dyah masang damar  
binekteng jro nggene sang Jayengmurti  
sinarekaken ing ngriku  
kuneng kang aneng guwa  
byar raina gantya wau kang winuwus  
pasanggrihan kang tinilar  
Wong Agung Surayengbumi.
12. Tan ana ingkang nggraita  
pangrasane maksih eca aguling  
kongsi ing pukul sapuluh  
datan wonten sineba  
ing sabene mring nggen kuda pukul wolu  
langgah ing kursi kewala  
pukul sanga kondur nuli.
13. Busana lajeng sineba  
animbali para ratu kang nangkil  
ing mangkya mamring asamun  
wau putra kalihnya  
atatanya mring wong Kebar lan wong ing Rum  
punggawanira kang jaga  
nyapuluh kalih nagari.
14. Kang munggen ing palataran  
sira weruh kangjeng rama ing wengi  
punggawa Kebar lan ing Rum  
ature tan uninga  
raden angling mara pariksanen gupuh  
pakuwone paman Maktal lan uwa Tasikwajeki.

15. Gya pinriksa pakuwonnya  
Raden Maktal lawan Umarmayeki  
wau kalane angrungu  
Dipati Tasikwaja  
tyas kumepyur wus angrasa pelingipun  
ing nguni si kaki tuwa  
sigra denira lumaris.
16. Miwah Arya Parangteja  
duk miyarsa gupuh dennyanya lumaris  
sareng wau praptanipun  
Marmaya Raden Maktal  
pangguh rajputra kalih tatanya sru  
paman uwa kangjeng rama  
dhateng ing pundi puniki.
17. Umarmaya tan angucap  
dheleg-dheleg sarwa waspanya mijil  
Arya Maktal senggruk-senggruk  
tan kena sasabana  
saking dening tresnaning bala gumuruh  
datan kena sinapiha  
wurahan swaraning tangis.
18. Sagung para raja-raja  
kang wus nangkil manjing pakuwon sami  
kang dereng prapta gumrubyug  
samyang anglud karuna  
Raja Ukua lawan sang Prabu Tamtanus  
angubengi pasanggrahan  
kori kilen ana titik.
19. Tapaking turangga lijag  
nanging iya tapak kuda sawiji  
ntubeng-mubeng tilasipun  
sagung kang para raja  
ting bilulung nitik tapaking kudeku

estu tapaking turangga  
nanging turangga sembrani.

20. Saya gung kang para raja  
ting baleber prapta samya anangis  
pakuwon jejel supenuh  
geng alit bala Arab  
samya nangis Raden Jayusman pan ambruk  
neng pangkonira kang paman  
Wong Agung Parangtejeki.
21. Raden Ruslan ambyuk mara  
pangkonira sang prabu ing Yunani  
kang tangis saya gumuruh  
tan kena sinirepa  
Adipati Tasikmaja ngalor ngidul  
anyirep ingkang karuna  
kehing wadya datan keni.
22. Prabu Lamdahur ingatag  
ngagar gada sarya sru dennyang anging  
menenga aja gumrumung  
mundhak mbingungi nalar  
mbok karungu si Kewusnendar puniku  
angajak bilai sira  
balik apacaka baris.
23. Meneng kang celak nggenira  
ingkang tebih maksih pra samya nangis  
kang tebih pisan gumrumung  
Dipati Tasikwaja  
cerak-cerik angatag Prabu Lamdahur  
panyirepe ngagar gada  
sirepe tangis wus linggih.
24. Pating salenggruk kewala  
asru mojar Dipati Guritwesi  
heh payo kang para ratu

- mijil marang teratag  
yayi Maktal gawanen sutanireku  
Raden Jayusman miyosa  
sineba para narpati.
25. Sampun miyos siniwaka  
Umarmaya Maktal ingkang siniwi  
dening sagung para ratu  
samyang lunggyeng wijohan  
pra dipati satriya mantri supenuh  
Umarmaya undhang-undhang  
heh sagung para narpati.
26. Samengko Raden Jayusman  
sadurunge ingkang rama pinanggih  
Raden Jayusman puniku  
iya kang sumiliha  
mring kang rama pamengkunireng wadya gung  
yayi Maktal awak-awak  
misesa panata baris.
27. Kaya adat kalampahan  
aja owah ingsun arsa ngulati  
kang samyang anandhang tatu  
tinamban wus waluya  
Raja Kemar kang ngebayani pakewuh  
kang wruh watesing jajahan  
Yujana lawan Kuwari
28. Samyang ngestokken sadaya  
Raden Putra tinarik wus alinggih  
ing padmasana mas murub  
narpatmaja taruna  
Raden Ruslan neng wijohan palowanu  
jajar lawan Arya Maktal  
Adipati Guritwesi.
29. Mrepeki mring Arya Maktal

abibisik kendhang Iskandar iki  
kalamun sutanireku  
arsa magut ngayuda  
yayi sira kang sun pitayani nggadhuh  
anatab kendhang Iskandar  
Dyan Maktal sampun nampani.

30. Umarmaya sigra kesah  
tanpa rowang anasak ing wanadri  
wau ta sapungkuripun  
prabu jaka ngandika  
paman Parangteja mangke karsanipun  
rakanta ibu kalihnya  
arsa kawula pondhong.
31. Kang paman alon turira  
inggih leres yayi prabu Kuwari  
saosa kapal tumenggung  
badhe lumaku duta  
mring Kuwari tuwin ingkang para ratu  
kabeh utusana garwa  
umiring sang rajaputri.
32. Bubaran kang siniwaka  
pacak baris pendhem angati-ati  
Prabu Jayusman puniku  
tan tebih lan kang paman  
Wong Agung ing Parangtela siyang dalu  
pakumpulan para raja  
gunem masalahaing jurit.
33. Wau lampahe Marmaya  
ngempet dhateng nagari ing Kuwari  
para garwa sinungan wruh  
Wong Agung musnanira  
ingkang putra sumilih mengku wadya gung  
anjrit sang putri kalihnya  
nembang tengara tinitir.

34. Sagung para raja-raja  
ingkang aneng Kuwari sinung warti  
puyengan tangis gumuruh  
samyang mangun sungkawa  
para ratu kang kantun siyaga sampun  
Ki Umarmaya wus kesah  
wangsul mring wana ngulati.
35. Ing nguni si kaki tuwa  
kang wawarah sarta amasiyati  
kendhang Iskandar rumuhun  
gununge pinaranan  
Umarmaya lajeng nenepi neng ngriku  
ngundhamana kaki tuwa  
heh kaki praptaa maning.
36. Wus bener pituturira  
nanging ingsun kaki wisiken ugi  
enggone sang Jayengsatru  
enake atiningwang  
yen wus weruh aja kudu tutur-tutur  
wus ilang mamarasing tyas  
lah kaki agea prapti.
37. Adipati Tasikwaja  
ngambil kasur bantal saking kawandhi  
aneng wukir alit turu  
sarwi angundhamana  
suwe temen kaki tuwa kaki pikun  
kaki dhawuk kaki gerang  
dene nora prapta maning.
38. Kuneng kang lagya tirahat  
anepi Dipati Guritwesi  
neng wana Kuwari gunung  
alit madyaning wana  
anenedha marang Hyang Kang Mahaluhur  
panggihe sang Kakungingrat

kuneng gantya kang winarni.

39. Kusumayu Adaninggar  
neng jro guwa lan sang Srayengbumi  
nalika iku Wong Agung  
winungu mring sang retna  
kagyat wungu mulat kanan keringipun  
dudu pasangrahanira  
aneng jro guwa puniki.
40. Lan binebed badanira  
datan bisa obah kadya ginodhi  
lawan mulat daganipun  
ana wanodya endah  
ngunandika paran iki solahingsun  
sang putri alon sinapa  
sireku pawestri ngendi.
41. Ayu anom tanpa rowang  
kayaparan ana ing kene iki  
lan ing mengko raganingsun  
teka liru panggonan  
Adaninggar nembah mesem aturipun  
kula rajaputri Cina  
andhandhang saking nagari.

## 19. PUTRI CINA WONTEN ING GUWA KALIYAN MENAK JAYENGMURTI

### DHANDHANGGULA

1. Amba matur ing tuwan sayekti  
mila kesah saking ing nagara  
kawratan nandhang wirage  
amung paduka ketung  
ing supena tan wonten malih  
awit ing mila-mila  
kawula pukulun  
ing timur prapteng diwasa  
ginagulang ing rama amangun jurit  
kathah paguroning prang.
2. Nunten diwasa tinari krami  
dhateng rama prabu tyas kawula  
tan arsa krama tangeh  
ing pangraos pukulun  
karem prawiraningwang jurit  
sinten pantes mengkuwa  
mring sariraningsun  
yen nora nana satriya  
prawirane angungkuli wong sabumi  
datan arsa akrama.
3. Nunten kathah wong Cina kang warti  
ingkang dagang saking ing Kuparman  
sanya akathah bathine  
keh dadya sughipun  
ingkang ngantos wangsul ping kalih  
punika kang pawarta  
Kuparman praja gung  
tan wonten kang nimbangana  
pasitene atandhes wedhi numpangi  
kali sewu jro praja.

4. Sembadane ingkang ngadhatoni  
apan dede terah ing Kuparman  
saking Kalana wijile  
andon prang saking timur  
prapteng mangke datanpa tandhing  
Wong Agung Kakungingrat  
kathah para ratu  
sagung para raja-raja  
Ngatasangin ing Bawahangin kajodhi  
ing prang lajeng suwita.
5. Meh kaputer sangisoring langit  
datan wonten ratu gung kang nandhang  
ing prang nanggulang bobote  
narpati punjul-punjul  
kang prawira ing nguni-uni  
sawiji datan ana  
lumawan ing pupuh  
wus kasub kaonang-onang  
kang paparab Ambyah Suryaning-bumi  
Menak papakuning rat.
6. Wong Agung Kalana Jayengmurti  
Jayengsatru prawira digdaya  
ing aprang pilih bobote  
babala para ratu  
pitung leksa lan pitung kethi  
sewu ratu wadana  
sumabaga nung-anung  
ingambil putra panuwa  
dening prabu anyakrawati Medayin  
ingambil mantu pisan.
7. Satriya lus ambek marteng dasih  
sih ing wadya kunila wisuda  
tan ana rengat wadyane  
abagus ambek sadu

mawa cahya apindha sasi  
garwanira titiga  
putri luwih ayu  
Medayin lan ing Karsinah  
Parangakik kang kalih putri prajurit  
awit kula miyarsa.

8. Kandhahan brangta dening pawarti  
rama prabu asih apuputra  
kawula ingaterake  
binakta palwa sewu  
satus wendra warni brana di  
peni-peni ing Cina  
lan papatihipun  
rama ji tumut kawula  
mung binekta kang prajurit tigang kethi  
sanesing pra dipatya.
9. Prajurit priya mung kalih kethi  
pitung nambang dhomas kang wanodya  
dhateng Kuparman sedyane  
wonten margi pukulun  
angsal warti Kuparman sepi  
wonten Kuwari tuwan  
lajeng layaripun  
prapteng Kuwari kawula  
panggih sepi mring Yujana paduka Mir  
lajeng kawula prapta.
10. Amba badhe sowan paduka Mir  
nunten wonten peling mring kawula  
yen tuwan lagya prang rame  
tan tolih ing dyah ayu  
amung aprang kang densungkemi  
dadya kawula nemah  
ing tyas lengleng bingung  
kuwur pikir tanpa nalar

ngawar-awur karya lambe bang lan malih  
akarya samudana.

11. Kalairan mring rajeng Medayin  
sedheng bubar prang kula pratela  
ing tuwan sarbi batine  
duk mila-milanipun  
badhe atur surat ing gusti  
saguning kang pratingkah  
punika pukulun  
kang mawi gugup punika  
mbokmanawi kadrawasan ing pawarti  
awit saking pamapag.
12. Raja kaputren kang luwih adi  
wonten cirine putri Karsinah  
garwa paduka kang anem  
Retna Dewi Rabingu  
kang kagungan kaputren adi  
dadya pikir kadadak  
anemah tyas ulun  
mandungi dhateng paduka  
nedya atur pratela tur pati urip  
ngaturken kabatinan.
13. Lir carita ature sang putri  
ya ta Wong Agung alon ngandika  
tuturira iku kabeh  
tan ana ingkang luput  
namung ingkang wekasan iki  
sisipe lakunira  
kagupuhun gugup  
dadi wus karsaning Suksma  
wus kacetha garwa sang rajeng Medayin  
sira pan maratuwa.
14. Nora kena raganingsun iki  
yen ciptaa marang maratuwa

dadi antuk nama sedheng  
duraka kang tinemu  
duk miyarsa sang rajaputri  
ngungun ngleger ing driya  
sumaput arubuh  
gumuling aneng bantala  
dangi-dangu anglilir pupungun aris  
aturira ngrerepa.

15. Boten kenging yen paduka nampik  
saking asanget brangta kawula  
duk saking Cina milane  
tan wonten ingkang ketung  
mung paduka ing siyang latri  
cumanthel aneng netra  
gumantung jajantung  
demi Hyang Latawal Ujwa  
yen darbea cipta liyan paduka Mir  
sampun manggih raharja.
16. Angandika sang Surayengbumi  
tan maido ing prasetyanira  
iya baya wus pasthine  
sira pan jodhonipun  
Rama Prabu Anyakrawati  
ingsun dadi tur sembah  
andika pun Ibu  
lah Ibu paran ing karsa  
raganingsun maketen lah kadi pundi  
Tuan pan maratuwa.
17. Yen ajaa kapalang sireki  
angupaya putri kang kayapa  
ayu anak ratu gedhe  
prawira ing prang pupuh  
sugih brana sugih prajurit  
kasub kalokeng jana

amanis sumunu  
respati sedhep sembada  
sira pantes tinuku samodra getih  
kuciwa maratuwa.

18. Dadi apa wong urip puniki  
yèn muranga krama kang wus kaprah  
kang linakon ing wong akeh  
yèn ngowahana wuwuh  
cilakane manungsa iki  
siniksa jro naraka  
tan ana kang tulung  
yèn kramaa maratuwa  
tuduh kethuh kabubuhan mbabayani  
talutuh ing sajadad.
19. Lawan ilang yuwananing jurit  
ilang sebuting janma utama  
kesi-esi wekasane  
anak putune katut  
nora bisa temu ing wuri  
lan sanak wong atuwa  
sinatru sinertu  
pinapas ingkang pangwasa  
wekasane binurak-burak ing bumi  
wong rabi maratuwa.
20. Retna Daninggar anjrit anangis  
gawok temen ingsun yèn ngandika  
kaliwat pamaidone  
durung imbalan wuwus  
durung salang ngepok kak mami  
durung atepung ulat  
durung reh rinengkuh  
lagi sawang sasawangan  
tur gorohan kaniaya kang ngarani  
angaku maratuwa.

21. Anauri sang Surayengbumi  
nadyan mangkono pae wong njaba  
kahanane gumapruke  
mungguh tingkahing ratu  
jroning surat bae wus dadi  
jer sira wus pratandha  
suratira katur  
lan sira wus pinaringan  
ing kang raja kaputren nyelang ing mami  
jer wajib maratuwa.
22. Sang dyah matur yen tuwan tan apti  
animbangi ing brangta kawula  
kadi tuwan boten wante  
enggih nembahi lampus  
anauri datan gumingsir  
juren sariraningwang  
den atemah lebur  
tan nggarantes patiningwang  
asal aja dadi ojating sabumi  
angalap maratuwa.
23. Gedrag-gedrug anjejeki bumi  
jemplang-jempling denira karuna  
sikara Wong Agung kiye  
wastra pisah tinepung  
bisa njait rasaning ati  
buron Ngarab kang mindha  
maesa nak-enuk  
praja sawetaning mekah  
dipaning rat sereng nyayam-ayam pati  
mamacuk maratuwa.
24. Wus mangkana tinalar sang Amir  
sang rajaputri enjang umesat  
mantuk marang pakuwone  
lamun ing dalu wangsul

marang jroning guwa minta sih  
ngrerepa mring Wong Menak  
nanging datan antuk  
dadya wau putri Cina  
wira-wiri nengena wau sang dewi  
wuwusen pasanggrahan.

25. Wadya kang prapta saking Kuwari  
para ratu sawadya balanya  
kang samya ndherek praptane  
sang putri kalihipun  
lan kang putra wus sami panggih  
anglud bantu karuna  
mangkana winuwus  
sira Raja Kewusnendar  
wus miyarsa sirnane sang Jayengmurti  
atilar pasanggrahan.
26. Sami myarsa lan nateng Medayin  
paguneman lan nateng Yujana  
Sri Kewusnendar ature  
yen suwawi pukulun  
tinumpesan bala nata Mir  
gustine sampun minggat  
pan ajrih ing lampus  
kari-yon ing karsanira  
Kewusnendar enjing anembang tengari  
arsa miyos andurma.

## 20. RADEN JAYUSMAN KAJUMENENGAKEN NATA MAKILI RAMA

### DURMA

1. Atengara enjing bala ing Yujana  
kendhang gong lawan beri  
gong maguru gangsa  
tetege asauran  
baris ing Yujana mijil  
aglar ing papan  
wadya Rab animbangi.
2. Atengara sagung para raja-raja  
bubul wadyanireki  
mijil amet papan  
sampun baris kalangan  
kendhang Iskandar tinitir  
mring Arya Maktal  
ngguguk munyeng wiyati.
3. Wadya Ngarab gambira wuwuh tyasira  
lir jangkrik denkileni  
surake gumerah  
wuwuh kasuraning tyas  
linilana marang gusti  
manglebur kitha  
tan kôngsi dina malih.
4. Prabu Jaka Jayusman munggeng amparan  
dirgasana rinukmi  
kinubeng pra raja  
punggawa ulubalang  
satriya myang para mantri  
saos ing yuda  
munggeng ngarsaning gusti.
5. Sgra prabu Yujana mundhut turangga

sangkep kaprabon jurit  
miyos ing ngayuda  
sang nata nitih kuda  
Jongwiyat mider sisirig  
asumbar-sumbar  
payo bala nata Mir.

6. Metonana iki Prabu Kewusnendar  
rebuten ing ngajurit  
dadi sukaning tyas  
payo barenga mara  
gustimu angles ing wengi  
wedi maring wang  
wau ta duk miyarsi.
7. Raja Kalbudiyen amit miyosi prang  
sira nateng Biraji  
anitih turangga  
kawot kapraboning prang  
prapta ing papan wus panggih  
rajeng Yujana  
asru denira angling.
8. Sapa ranmu satriya utawa raja  
ingsun rajeng Biraji  
aran Kalbudiyen  
gumuyu Kewusnendar  
ragane sira narpati  
apa sesengkan  
pan dudu ratu wiji.
9. Papantesmu omaha pinggiring alas  
nukangi kayu jati  
abahan baita  
iku papantesira  
teka ndadak dadi aji  
wingi wong Ngarab  
kang aprang becik-becik.

10. Ya katemu ing apa si Kakungingrat  
gawe ratu sireki  
liwat saking wadhag  
ing tingkah warnanira  
Kalbudiyen amucicil  
sumaur sugal  
bawah Biraji mami.
11. Ala-ala pan ingsun ratu wadana  
dhomas para narpati  
kang kareh dening wang  
wit saking karsanira  
Jeng Gusti sang Jayengmurti  
wus tate ingwang  
mbanda kaya sireki.
12. Payo Kewusnendar apa aneng sira  
rajeng Yujana ancling  
iya den prayitna  
kudhunga bandabaya  
sun gada aja gumingsir  
sigra ginada  
Kalbudiyen atangkis.
13. Sarwi senggak panggadane Kewusnendar  
sang prabu ing Biraji  
parisane sigar  
anrus sirahing kuda  
pecah turangga ngemasi  
tiba kasingsal  
sira nateng Biraji.
14. Tangi narik pedhang raja Kalbudiyen  
sinander sri bupati  
Kewusnendar sigra  
tedhak saking turangga  
kang pedhang tinempuh tangkis  
manjing kinipat

putung pedhangireki.

15. Asru mojar Sri Bupati Kewusnendar  
ujarku nora sisip  
si anak baita  
si tukang kayu sira  
kuthuh solahmu ing jurit  
gya Kalbudiyen  
nyandhak wangkingan aglis.
16. Kewusnendar ingangkat-angkat tan kangkat  
gantya tarik-tinarik  
Raja Kalbudiyen  
binanting sarwi senggak  
kabanting rajeng Biraji  
tiba kantaka  
sigra denny nggosongi.
17. Raja Sarkab amit miyos ing ngayuda  
ingiden sigra nitih  
turangga umangсах  
panggih ayun-ayunan  
rajeng Yujana sru angling  
lah sira sapa  
abagus geng ainggil.
18. Anauri ya ingsun sang Raja Sarkab  
nagaraningsun Turki  
ratu andel ingwang  
sinembah ing prawira  
ngawulakken para aji  
heh Kewusnendar  
denpangah ing ngajurit.
19. Iya Sarkab denprayitna ingsun gada  
kudhunga paris wesi  
Prabu Kewusnendar  
pun Jongwiyat kinetap

- amuter gada sang aji  
Sarkab ginada  
kuwat denira tangkis
20. Rosanira panggadane Kewusnendar  
jumbret tibeng tangkis  
awetu dahana  
murub kumatar-katar  
surak lir karengeng langit  
ing kang ayuda  
samyaw prawira sekti.
21. Kewusnendar amindho panggadanira  
Sarkab kalaban agni  
surak wong Yujana  
lah mati ratu ika  
ajur awor lawan siti  
adate uga  
yen anggada ratu mami.
22. Sapa-sapa mungsuhe mangsa mindhoa  
Sarkab tinon pan maksih  
sigra males nggada  
Kewusnendar atadhah  
ginada tinitir-titir  
turangganira  
pun Jongwiyat sru anjrit.
23. Mubalgeni parisane Kewusnendar  
rajeng Yujana angling  
heh Sarkab prawira  
sedheng ratu wadana  
mau sang rajeng Biraji  
mambu urakan  
tandange ing ngajurit.
24. Rame dennyaw ayuda gada-ginada  
gantya titir-tinitir  
lan sami wentala

dangu datan kasoran  
sareng seleh gada kalih  
pedhang-pinedhang.  
samy a wasising jurit.

25. Awurahan suraking mungsuh lan rowang  
wau ta kang ajurit  
kasaput ing surya  
diwasa tinetegan  
mundur kalih kang ajurit  
mungsuh lan rowang  
amasanggrahan sami.
26. Apan sami bujana ing dalunira  
enjing atangkep malih  
wus samya tengara  
kendhang gong asauran  
wong Arab wong Yujaneki  
arebut papan  
tepung kapang kang baris.
27. Prabu Kewusnendar wus munggend amparan  
lan prabu ing Medayin  
sagunging punggawa  
bupati lan satriya  
andher ing ngarsa narpati  
wau wadya Rab  
Prabu Jaka siniwi.
28. Lenggah ing amparan retna dirgasana  
Arya Maktal angapit  
lawan Raden Ruslan  
Lamdahur datan tebah  
Tamtanus lan Umarmadi  
Iskal Iskalan  
Sarkab lan Yusup Adi.
29. Angandika sang Surayengbumiputra

lah paman kadipundi  
prakawis kang medal  
umangsah methuk ing prang  
punapa sampun prayogi  
yen nglestantuna  
kados ing wingi uni.

30. Aturira Wong Agung ing Parangteja  
boten inggih ing mangkin  
asalina gelar  
inggih sagolongan  
kang darbe dinten puniki  
rama paduka  
kakang prabu Serandil.
31. Sasukane amatah prajuritira  
ratu miwah bupati  
dinten mbenjang-enjang  
yayi Iskal Iskalan  
embene yayi Yunani  
embene dawa  
anak prabu Ngabesi.
32. Yen wilujeng wonten balikane gesang  
ingsun ingkang mungkasi  
alon angandika  
Prabu Jaka nggih paman  
sagunge para narpati  
kang kathah-kathah  
angantosa panuding.
33. Prabu Alamdahur gumujeng turira  
puniku kang prayogi  
kariyon ing karsa  
saguning para raja  
sigra sang prabu Serandil  
angatag putra  
mangsah Raden Pirngadi.

34. Nitih kuda kawot sakapraboning prang  
papteng papan sisirig  
asru asusambar  
heh payo wong Yujana  
sapa kang arsa ngemasi  
papagen ingwang  
tandangingsun ing jurit.
35. Iya iki Pirngadi putra ing Selan  
prawira sura sekti  
wus tate sumengka  
satriya mbanda raja  
unclang endhasing narpati  
heh Kewusnendar  
metuwa ing ngajurit.
36. Aprang tandhing lan ingsun kembang gada  
rok bandawala pati  
rebuten ing yuda  
sang Prabu Kewusnendar  
miyarsa krodha tan sipi  
ngatag prawira  
Raja Kandrung prajurit.
37. Pan kaibe marang Prabu Kewusnendar  
nagrine ing Dremani  
mangsah nitih kuda  
pan sarwi mandhi gada  
prapta ing rana wus panggih  
ayun-ayunan  
angling Raden Pirngadi.
38. Sapa ranmu kang amapag tandangingwang  
ingsun nateng Dremani  
Raja Kandrung ingwang  
ipene Kewusnendar  
lah sira wong anom pekik  
sapa ranira

apa ratu dipati.

39. Anaruri ingsun rajaputra Selan  
putrangkat sun ingambil  
dening gustiningwang  
ri sang Surayengjagad  
ingsun kang aran Pirngardi  
apa neng sira  
payo rajeng Dremani.
40. Raja Kandrun marepeki ngundha gada  
kudhung parise wesi  
rajaputra Selan  
ginada tinadhahan  
parisane mubal geni  
surak gumerah  
yayah nengker wiyati.
41. Pining kalih tinitir panggadanira  
pangah Raden Pirngadi  
ngling Kandrun denyitna  
kudhunga bandabaya  
amuter gadanira glis  
putra ing Selan  
ngetap kuda mrepeki.
42. Raja Kandrun wus tangkis parise waja  
sigra tiniban bindi  
parisane sigar  
kambat sirahing kuda  
remuk ajur tibeng siti  
tiba kaplesat  
sira nateng Dremani.
43. Ingudhunan Raja Kandrun tangi medhang  
tinangkis sarwi mbabit,  
tikel pedhangira  
Raja Kandrun cinandhak  
wangkinganira binanting

tiba kantaka  
tarutul analeni.

44. Tajiwalar papatih Kaumarmayan  
binekta mundur aglis  
Rajaputra Selan  
susumbar nguwh lawan  
wong Yujana aja genti  
barenga mara  
rebuten ing ngajurit.
45. Duk miyarsa mangsah sang rajeng Tirantang  
sira sang Raja Kibsil  
dharat prapteng rana  
sarwi angundha gada  
wong anom den ngati-ati  
sapa ranira  
ingsun Raden Pirngadi.
46. Sira iku wong tuwa aranmu sapa  
wis nora patut jurit  
ngling rajeng Tirantang  
pan ingsun ratu tumbal  
dadi maselating jurit  
mangsa anaa  
ninbangi Raja Kibsil.
47. Den prayitna Pirngadi sira sun gada  
muter gadanira glis  
sarwi matek japa  
huk hul jawes-jawes prak  
remuk saking gada mami  
tiniban gada  
rajaputra Serandil.
48. Tinadhahan parise tempuh kumemprang  
sarwi lok mati mati  
Raja Kibsil mbapang

Pirngadi ngundha gada  
denprayitna sira kaki  
sigra ginada  
tadhah sang Raja Kibsil.

49. Pan ingampat panggadane putra Selan  
sira sang Raja Kibsil  
kajumpalik rebah  
tianira kalumah  
Tajiwalar sigra prapti  
wus ingancikan jajane Raja Kibsil.
50. Gya rinangkus tanganira sukunira  
Raja Kibsil anangis  
sigra binabayang  
Raja Kibsil katawan  
sigra prabu ing Serandil  
angata gantya  
sira rajeng Surati.
51. Sigra mangsah sang Raja Suratisdaham  
sampun wahana esthi  
prateng rananggana  
rajeng Surati mojar  
raden kendela rumiyin  
ingkang timbalan  
rama paduka aji.
52. Lan rakanta sang Surayengbumiputra  
ngong kinen anggentosi  
raden mundur sigra  
prapteng ngarsa tur sembah  
mring Prabu Jayusman nuli  
marek ing rama  
nembah rinangkul aglis.
53. Wau rajeng Surati Suratisdaham  
susumbar nguwuh tandhing

payo metonana  
prajurit ing Yujana  
sapa kang arsa ngemasi  
lah papagena  
yuda kenaka mami.

## 21. PERANGIPUN PARA RAJA WADYANIPUN MENAK JAYENGMURTI KALIYAN ING YUJANA

### PANGKUR

1. Mangsah raja Darudirham  
nateng Saldum nitih liman ngajrihi  
sarwi angundha salukun  
prapta ayun-ayunan  
Darudirham angling lah sapa aranmu  
sumaur Suratisdaham  
ya ingsun rajeng Surati.
2. Lah sira sapa ranira  
anauri sun andel Yujaneki  
nagara ingsun ing Saldum  
aran ngong Darudirham  
tadhahana wong Arab ingsun salukun  
sang Raja Suratisdaham  
sinalukun anadhahi.
3. Menter parisane waja  
sigra males sira rajeng Surati  
atangkis sang nateng Saldum  
surak bala gumerah  
rame tempuh gada kalawan salukum  
tan ana ingkang kasoran  
rajeng Saldum lan Surati.
4. Sareng kang surya diwasa  
tinetegan mundur kalih kang jurit  
makuwon kang baris kebut  
dalusamyabujana  
pan sadalu enjinge malih winuwus  
muni tengaraning aprang  
kendhang gong gurnang lan beri.
5. Tetegbarung asauran

mijil baris Arab wus amiranti  
lan baris Yujana kepung  
wong agunge wus samya  
neng payudan sang Surayengjagad sunu  
aglar ratu pinituwa  
tuwin rajeng Yujanekei.

6. Lawan Sang Prabu Nusirwan  
kalih samya lunggyeng amparan rukmi  
andher kang saos ing pupuh  
sang Raja Darudirham  
medal malih susumbar anguwuh mungsuh  
heh payo Suratisdaham  
nutugake ing prang wingi.
7. Anglela munggend dipangga  
Prabu Iskal ngatag prajuritneki  
ing Markiyah Raja Harnus  
mangsah nitih blegdaba  
prapteng rana Darudirham asru muwus  
wong Arab aranmu sapa  
Raja Harnus anauri.
8. Ingsun ratu ing Talkiyah  
sira sapa wong Yujana raneki  
sumaur sun nateng Saldum  
paparab Darudirham  
tadhahana wong Arab salukuningsun  
tempuh sakulun lan gada  
arame denira jurit.
9. Binalik tempuhing gada  
Darudirham putung salukuneki  
ginada dipanganipun  
sang Raja Darudirham  
sirah pecah gajah rebah raja Saldum  
tiba saking dipangganya  
tangi marik pedhang aglis.

10. Sang Raja Harnus pinedhang  
blegdabane sigra dennya ngudhuni  
tinangkis pamedhangipun  
Harnus males anggada  
tuna dungkap panangkise raja Saldum  
dhasar sampun sangat sayah  
tibane saking ing esthi.
11. Bau kasampar ing gada  
Raja Darudirham niba ing siti  
wong Arab surak gumuruh  
Tarutul Tajiwalan  
analen marang sira raja Saldum  
binekta mundur katawan  
Raden Bandarkung gya prapti.
12. Sugal denira tatanya  
heh wong Arab sapa aranireki  
sumaur sang Raja Harnus  
prajaningsun Tarkiyah  
sira sapa sumaur ingsun Bandarkung  
satriya andeling aprang  
arine sri narapati.
13. Ing Yujana Kewusnendar  
denprayitna Harnus sira sunbindi  
akudhung sang Raja Harnus  
parisanira waja  
muter bindi rajeng Tarkiyah pinupuh  
sigar parisane waja  
anempuh sri narapati.
14. Raja Harnus kapidhara  
surak amung wadya ing Yujaneki  
Raja Iskal amit magut  
Harnus wus ginolongan  
mangsah dharat panggih lan Arya Bandarkung

tatanya sapa ranira  
Raja Iskal ing Rum mami.

15. Sira wong Yujana sapa  
anauri ingsun arine sang aji  
kang nama Raden Bandarkung  
payo Iskal nggadaa  
anauri heh Bandarkung nambung laku  
dora yen ora ngrunguwa  
wong Arab prange ngereni.
16. Heh iya Iskal denyitna  
ingsun gada kudhunga paris wesi  
sang Raja Iskal pinupuh  
tan osik astanira  
muter gada winales Raden Bandarkung  
tan osik panangkisira  
aramé bindi-binindi.
17. Surake mungsuh lan rowang  
tri gumuruh kang yuda antuk sisih  
adangu pupuh-pinupuh  
tan ana kang kasoran  
seleh gada pedhang-pinedhang matempuh  
ukel tanduk ukel tindak  
samyá wasis ing ngajurit.
18. Dangu dennyá main pedhang  
pedhang tikel kalih wus dharat sami  
caruk rok popor agapyuk  
pan sami prakosanya  
udreg dedreg agantya junjung-jinunjung  
angangkat sami tan kangkat  
ing prang pur kasaput wengi.
19. Bubar samya masanggrahan  
abujana ing dalunira sami  
kuneng wau kang winuwus

rajaputri kalihnya  
arsa njejep marang pakuwoning mungsuh  
miwah anjejep jro kitha  
kang raka musnanireki.

20. Wus samya ngrasuk busana  
titihane wus sumaos neng ngarsi  
lampah anilib wadya gung  
Retna Dewi Sudara  
wus anitih ing garudayaksa mamprung  
Sirtupelaheli numpak  
ing peksindra Saomahi.
21. Rajaputri kalihira  
amalawang marga badhe ing latri  
manjing pakuwoning mungsuh  
lajeng njejep jro kitha  
pukul sanga samya kendel lampahipun  
wuri pakuwon Yujana  
niyup rajaputri kalih.
22. Wonten wreksa gora rupa  
langkung ageng ngrembuyung kadi wukir  
yen siyang iku marga gung  
palerenan wong liwat  
apan ewon wong ngarit kendel ing ngriku  
saking pakuwon Yujana  
kapungkur ragi kapering.
23. Wreksa ageng palerenan  
putri Cina margine wira-wiri  
marang ing guwa yen dalu  
kadhang kendel sakedhap  
duk uninga putri Cina nuju langkung  
kendel soring gora rupa  
anganti wengi sakedhik.
24. Kagyat Retna Adaninggar

ana swara kapyarsa sing wiyati  
payo leren soring kayu  
kono meneng sadhela  
putri Cina miranti panggenanipun  
singidan mbok kawenangan  
nulya putri Parangakik.

25. Kumabruk ing praptanira  
kumarincing ana kang prapta malih  
sarya nging kangmbok ing ngriku  
ngungun sang putri Cina  
apa iki ejin utawa lelembut  
nanging swaraning manungsa  
dene sasaba ing langit.
26. Padha wadon yu utama  
swaranira sami pating carengkling  
mangka yogyapara iku  
tegese keparengan  
putri Cina arsa mring guwa nggenipun  
Wong Agung Surayengjagad  
kang roro arsa ngulati.
27. Mangkana sang putri Cina  
kudanira cinancang ngiwa tebih  
matek lilimtananipun  
kabal ingkang istijrat  
tan katingal mrepeki ampingan kayu  
oyod tamba gora rupa  
neng wurine putri kalih.
28. Titihanira neng ngarsa  
kendel mucang kaecan sarwi anging  
lah yayi Karsinah mau  
yudane sutanira  
nora asor iya yayi nora unggul  
umatur putri Karsinah  
kangmbok pan unggul sakedhik.

29. Keni siji angsal tiga  
mbanda ratu wikana benjing enjing  
pun Kewusnendar yen metu  
ngawaki ing ngayuda  
lagya mangke kangmbok wonten unggulipun  
ya yayi sapa kang ndhustha  
Wong agung Asmarengjurit.

## 22. RAOSANIPUN PUTRI KALIH SAMI MADOSI MENAK JAYENGMURTI

### ASMARADANA

1. Miyarsa nggariteng galih  
wau rajaputri Cina  
adhuh lae iya lae  
iki para putri Arab  
dene padha kuwasa  
sasabane mega biru  
agawok ingsun tumingal.
2. Yen ngatona awakmami  
baya anuli pinedhang  
pinatenan raganingong  
tunggangane iku apa  
siji kaya garudha  
padha manuk karo iku  
siji kaya manuk merak.
3. Yu-ayu temen wong iki  
baya angulati padha  
Wong Agung Jayengpalugon  
pantes padha mandraguna  
santosane katara  
tan ana mamarasipun  
pratingkahe ngena-enak.
4. Mangkana sang rajaputri  
Parangakik angandika  
mengko yayi karsaningong  
anjujuk ing pupungkuran  
yen aneng pasanggrahan  
yen ing jro puri jinujuk  
iya yayi pakebonan.
5. Nanging ta panduga mami

Kewusnendar nora bisa  
duwe panggawe mangkono  
lamun duweya dandanan  
kang bisa laku dhustha  
putri Karsinah umatur  
inggih amba tan miyarsa.

6. Ratu Yujana puniki  
lamun darbeya dandanan  
miwah darbeya paguyon  
ratu mung atingkah wantah  
pun Raja Kewusnendar  
nanging kawula pukulun  
darbe grait panarka.
7. Manawi inggih manawi  
kakangmbok Dewi Ismaya  
punika ingkang guguyon  
anyolong raka paduka  
pinrih ramening aprang  
kang jinajal putranipun  
pun Jayusman lan Ki Ruslan.
8. Kaprawiraning ngajurit  
si Sudarawreti drema  
yen abera peperange  
iya iku si Jayusman  
pasthine ingkang kocap  
pan ingsun kang ngambil sunu  
si Jayusman lan si Ruslan.
9. Putri ateteh atitih  
gemi angagem agama  
mrih hayu waluya maleh  
putri tanggon tur atag  
yen kalih aber ing prang  
sayekti nunten tinimbul  
winuwuhan kadigdayan.

10. Gumujeng Sudarawreti  
benar panggraitanira  
nging yayi simpenen bae  
ngupaya pikir kang liya  
tyas aja ngenak-enak  
dene panggraitaningsun  
marang rajaputri Cina.
11. Pan iku putri prajurit  
wus kalok ing pramudita  
putri abot sasanggane  
manawa pininta sraya  
mring Raja Kewusnendar  
graitanen lakunipun  
ya iku gawene apa.
12. Suraking ampuhan yayi  
ngunggahahi Prabu Nusirwan  
adoh yayi mungguh ingong  
dene putri kasub ing rat  
gedhe nagara Cina  
tingkahe kuwur angawur  
tanpa budi tanpa nalar.
13. Ngunggahahi rajeng Medayin  
katemu pirang prakara  
yen melika geng karaton  
wus gedhe nagara Cina  
melika kabangusan  
wis dhawuk pan nora bagus  
yen melika kadigdayan.
14. Wus ana ingkang ngungkuli  
Wong Agung Surayengjagad  
sajagad lakimu dhewe  
andheweki kaprawiran  
kadibyan kaluhuran  
nadyan tuwa tuwa bagus

- nadyan tuwa tuwa bagus  
cahyane apindha wulan.
15. Lawan musthikaning bumi  
trah Nabi Ibrahim mulya  
tur utama tedhak Kures  
pantes yan dunungghana  
ing para putri kenya  
sugih bala para ratu  
rong kethi lan pitung leksa.
  16. Wadyane kadya jaladri  
sewu ratune wadana  
kukuwunge menter-menter  
bonyo daginge alembat  
lurus kang pasariran  
kadya anggepok baludru  
apantes denela-ela.
  17. Nanging trekaningsun yayi  
lakune sang putri Cina  
semune kaledhon dhompo  
durung weruh ing wawatak  
marma yayi ngagesang  
mitra miwah ulah mungsuh  
sarat weruha ing watak.
  18. Denkelamarana wesi  
celorote wus katara  
sang putri Cina gawene  
payo yayi gegethokan  
luputa tangguhingwang  
Sirtupelaheli matur  
nggih ndherek karsa paduka.
  19. Dadi mesakake yayi  
putrine sang rajeng Cina  
pelem gung anglek gandane

keni-keni aneng Cina  
wowohan liwat mangsa  
praptaning paran wong ayu  
semune alelebaran.

20. Jalma murbeng kayu mati  
putrine sang rajeng Cina  
yen luputa undhagine  
tambang sinambung tan pegat  
pamolahing sarira  
adawa yen mungguh ingsun  
lalakone putri Cina.
21. Retna Daninggar miyarsi  
gumeter karinget medal  
kebes kabeh busanane  
sariranira marlupa  
lir kena sampirena  
kenyut ing rarasnipun  
sang rajaputri kalihnya.
22. Lan maras pamethekneki  
lakone sariranira  
tumpang so ing pratikele  
ngandika Retna Sudara  
yayi iki wis mangsa  
sareng nitih kalhipun  
sumebut napak gagana.
23. Kari anggana sang putri  
kadya tinebak mong tuna  
nutuh sarirane dhewe  
mau ingsun angatona  
nemoni putri ika  
kapriye wus katerucut  
mau angur nemonana.
24. Nanging ta sun pikir-pikir

nemoni mbok nora enak  
salah graita temahe  
nuli ingsun pinedhanga  
durung kongsi pratela  
apranga kasoran ingsun  
karone putri digdaya.

25. Sang retina tyasira brangti  
dadya wande lampahira  
manggihi Jayengpalugon  
wangsul marang pasanggrahan  
prapta mujung anendra  
tontonen sasolahipun  
mring rajaputri kalihnya.
26. Karsane sang rajaputri  
ing benjang dalu kewala  
kuneng wau winiraos  
putri kalih lampahira  
njejep manjing pondhokan  
amasang sisirepipun  
rajaputri ing Karsinah.
27. Anjajah pakuwon sami  
mamring tan ana swaranya  
pan wus ingubengan kabeh  
angling sang Retna Sudara  
yayi sepi kewala  
nora nana tabetipun  
payo marang jroning pura.
28. Wus mesat sang putri kalih  
samyapa napak jumentara  
njujug sajroning kadhaton  
lajeng marang patamanan  
sadaya ingubengan  
jinajah sawengkonipun  
jroning kadhaton Yujana.

29. Sadalu dennya ninitik  
mangkana wus sirat wetan  
mundur sang putri kalihe  
ngandika Retna Sudara  
yayi pangrasaningwang  
wis karuwan sepinipun  
pakuwon miwah jro kitha.
30. Pukul lima praptaneki  
lebeta pakuwonira  
kuneng malih winiraos  
sang rajaputri ing Cina  
sawunguniraendra  
mulat surya lingsiripun  
kadya ge nuli surupa.
31. Tan ana ingkang miyarsi  
geng alit wadya ing Cina  
abdi lanang abdi wadon  
sadaya tan anggraita  
solahe gustinira  
kya patih Cina puniku  
lami datan ingandikan.
32. Amung panarkane sami  
saking sangeting kung rimang  
mung kaetang wus pasthine  
kalangan akeh prakara  
mila saguning wadya  
wuyungan ing batinipun  
awlas marang gustinira.
33. Mangkana sang rajaputri  
ing manci pukul satengah  
pitu ambuka pangkenge  
sadinten mujung kewala  
turangga aneng ngarsa  
wus sumaos munggeng pintu

pintu njawining papreman.

34. Angrasuk kaprabon jurit  
acancut apekak madya  
tali jaja tali leher  
mawa bate pending wedhar  
pedhang miwah gandhewa  
sinandhang sadayanipun  
tanpa kanthi kesahira.

## 23. PUTRI CINA NGASIH-ASIH DHATENG WONG AGUNG

### KINANTHI

1. Ing wanci pukul sapuluh  
kesahe sang rajaputri  
wuwusen kang kasangsaya  
Wong Agung Surayengbumi  
tyase sokur ing satitah  
madhep tan nedya gumingsir.
2. Amung pati ciptanipun  
datan arsa anuruti  
panggodhane putri Cina  
ing batin papager wesi  
suka prapta ing antaka  
tan arsa kalok ing bumi.
3. Lamun atindaka saru  
mangkana sang rajaputri  
yen rina towong tan prapta  
amung praptanya ing wengi  
saben dina peksi merak  
praptane ambekta roti.
4. Saben ing pukul sapuluh  
rina prapta sarta roti  
apan amung mrak satunggal  
kang binakta roti siji  
Wong Agung tyas tan karasa  
ayen datan krasa ngelih.
5. Putri Cina sedyanipun  
Wong Agung pan pinisakti  
karaosa ing sarira  
dimene nuli nyaguhi  
brangtane sinatmataa  
pasthine nuli nuruti.

6. Wau ta ing lampahipun  
sang putri Cina neng margi  
kampirangu karungrungan  
angarang tan antuk aring  
kang kesthi jroning wardaya  
pocapane putri kalih.
7. Karsinah Retna Rabingu  
Sirtupelaheli nenggih  
lawan sang Retna Sudara  
wreti putri Parangakik  
samy gandese prasaja  
ing pasang sedhepe manis.
8. Karone prawireng pupuh  
paran margane wakmami  
atepunga panggawayan  
kakanthen suwiteng laki  
nanging tyase putri Cina  
ciptane luput kuwalik.
9. Sanes ing pangraosipun  
dennya kedah mrih misakit  
brangta nuli kalakona  
kinira wedi ngemasi  
wus wantune trah ing Arab  
wasiyat amilih pati.
10. Samarga gung kampirangu  
tan arsa nitih turangi  
kuda tinuntun kewala  
manawa kapranggul malih  
mring rajaputri Karsinah  
lawan putri Parangakik.
11. Wataraningsun sang ayu  
wus kaliwat mayaneki  
kaya nora aleledhang

iya ing sawengi iki  
laju lampaha sang retna  
ngarsaning guwa wus prapti.

12. Ngintip saking njawi pintu  
Wong Agung pi-api guling  
sajroning tyas paripurna  
mung anyipta labuh pati  
satata jroning panedha  
yayah angayuh wiyati.
13. Datan ana swaranipun  
sang retna maras ing galih  
sigra wau linebetan  
winungu saking ing wuri  
wong Agung punapa tuwan  
inggih maksih wonten urip.
14. Punapa ing tyas pukulun  
dereng darbe wlas ing dasih  
kalebu wong nganiaya  
teka ora anuruti  
Wong Agung iki basakna  
nora nana kang tinolih.
15. Lah kadipundi pukulun  
yen sagah kula luwari  
andasihaken kawula  
yen mopo yekti ngemas  
daweg tuwan ngandikaa  
mangke kawula sung warti.
16. Alon ngandika Wong Agung  
apa ingkang densaguhi  
panjalukmu nora kaprah  
kudu akon anuruti  
wong arabi maratuwa  
murang tatane sabumi.

17. Satus luput sewu luput  
yen mungguh sarira mami  
balenggunen pitung wulan  
nora duwe ujar kalih  
ungur nuli patenana  
mung iku suka tyasmami.
18. Adaninggar njrit angadhuh  
njeleh sarwi njejek siti  
ana watu kumalasa  
dhinupak sumyur wor siti  
ngandika sang Kakungingrat  
warnamu ayu respati.
19. Sembada putrining ratu  
tatekonmu nora becik  
lan bakal garwaning nata  
pinituwa ing Medayin  
sinembah samining raja  
solahmu kurang prak ati.
20. Saya sru penjeritipun  
gugulungan aneng siti  
tangi ngadeg narik pedhang  
sumbalinga wong puniki  
yen nora sun lenyepena  
saking ing alam donyeki.
21. Urip neng donya weh wuyung  
wasisan aja kaeksi  
pedhange sampun lumarap  
Wong Agung Surayengbumi  
merem ing nala wus pasrah  
dangu tan ana nibani.
22. Sang putri Cina andulu  
manising wadananeki  
marlupa pedhange gidal

**ngrungkebi padanira Mir  
karena aja sikara  
wong iki mamas ati.**

- 23. Wangkote ngakokken kalbu  
dhengkok tan kena tinempil  
kawula nempil kewala  
boya kudu ambawani  
garwa paduka titiga  
sakawan putrining ejin.**
- 24. Kalimanipun pukulun  
kawula ingkang mbunciti  
dadya paminggir kewala  
boten kedah ambawani  
kawula mbekta nagara  
ing Cina manjinga koki.**
- 25. Sanadyan ta rama prabu  
miwah kangjeng ibu sori  
kawula bekta suwita  
dhomas kang para narpati  
punggawane tigang leksa  
sakethi kang para mantri.**
- 26. Manjinga koki pukulun  
pitungkase jeng nama ji  
nini yen sira katampan  
iya nggonira angabdi  
marang Wong Agung Kupa  
man Sri Kalana Jayengmurti.**
- 27. Nuli utusana mantuk  
ingsun lan ibunireki  
nuli nusul marang sira  
angabdi manjinga koko  
nagaranira ing Cina  
karyanen tombok ngakrami.**

28. Alon ngandika Wong Agung  
puniku luwih patitis  
karsane sang rajeng Cina  
alah si sarira mami  
dene Bathara Nusirwan  
ratu bituwahing bumi.
29. Malah ngong nembah ing riku  
manira iki angabdi  
kapindhone maratuwa  
ing wajibe ngabekteni  
pan dadi luwih prayoga  
karsane sri narapati.
30. Adaninggar njrit angadhuh  
kaliwat Wong Agung iki  
anggepe asiya-siya  
iya mring wong tuwa mami  
suwita mring kang sarira  
teka tan arsa nampeni.
31. Siningkang-singkang kalangkung  
rama prabu ibusori  
andadak binuwang-buwang  
kinen mring rajeng Medayin  
mangsa si dharakalana  
suwita rajeng Medayin.
32. Nora ngipi angrempelu  
suwita rajeng Medayin  
aja kudu lunga pisan  
lamun kang sarira nampik  
aneng Cina lara apa  
sineba para narpati.
33. Kawula ngaturken tutur  
putra paduka ing wuri  
kang kantun neng pasanggrahan

andina amangun jurit  
ing mangke Raden Jayusman  
umadeg prabu sisilih.

34. Kang ibu wus samya ngumpul  
ingkang wonten ing Kuwari  
sampun wonten ing Yujana  
tuwin kang para narpati  
rumeksa putra paduka  
kang madeg prabu taruni.
35. Kakang embok saben dalu  
putri adi Parangakik  
lan kang mbok putri Karsinah  
pra sami kesah mamaling  
njejep pakuwoning mengsah  
angulati paduka Mir.
36. Kawula inggih kapethuk  
kakang mbok Sudarawreti  
wonten ing margi kalawan  
kang mbok Sirtupelaheli  
kalihe putri prawira  
pra samya napak wiyati.
37. Ngubres pakuwoning mungsuh  
warti iku Marmayeki  
kesahe anasak wana  
dening saguning para ji  
dereng kendhat ing karuna  
prihatin kecalan gusti.
38. Miane tuwan pukulun  
nunten paduka sagahi  
andasihaken kawula  
nunten tutulung ing jurit  
mengsah Raja Kewusnendar  
saejam kula sagahi.

39. Sirna kabanda dening sun  
wau kalane miyarsi  
Wong Agung Surayengjagad  
ing solahira kang kari  
bala nata garwa putra  
sadaya samya prihatin.
40. Sakethi rentenging kalbu  
marebel waspanya mijil  
matrenyuh ing tyas sungkawa  
gara-gara andhatengi  
gumuruh bajra ruhara  
busekan isining bumi.
41. Gora reh giri gumuntur  
rug rebah pratala gonjing  
wreksa sol sempal kaprapal  
ambelasah bosah-basih  
katrajang gencing prahara.  
kumocak kang jalanidhi.
42. Kang sela prak prok kumepruk  
kataman rungekading arti  
tedhuh dhedhet ing ngawiyat  
pancawora sru tan aris  
maras tyase putri Cina  
ngathepel padanira Mir.
43. Wong Agung paduka wungu  
wonten punapa puniki  
mayag mayug bumi molah  
rag reg lindhu gonjang-ganjing  
sang putri Cina gya nyipta.  
istijrat geng kang ndhatengi.
44. Pawaka sagunung-gunung  
kengser mangunahing mukmin  
kakayon kang celak guwa.

prenahe sang Jayengmurti  
barindhil keneng dahana  
resik kadya densaponi.

45. Sireping prahara ruruh  
raras riris maruta ris  
ing wanci sumirat wetan  
ing Cina sang rajaputri  
sadalu pangrepanira  
tan antuk don angunduri.

## 24. WADYA KUPARMAN KALIYAN YUJANA SAMI PRANG TANDHING

### DURMA

1. Kawuwusa sira Prabu Kewusnendar  
enjang miyos ing jurit  
anembang tengara  
teteg munya sauran  
kendhang gong gumuruh atri  
sagung wadya Rab  
miyarsa animbangi.
2. Atengara sagung ingkang para nata  
teteg makethi-kethi  
kendhang gong barungan  
saguning para raja  
kumrab barise wus mijil  
arebut papan  
kepung kapang kang baris.
3. Prabu jaka mijil saking pasanggrahan  
ginrebeg ing prajurit  
prapteng pababatan  
lenggah munggeng amparan  
dirgasana manten wilis  
kang para raja  
aglar ing kanan kering.
4. Ingkang paman Wong Agung ing Parangteja  
lawan rajeng Yunani  
Lamdahur kalawan  
pra ratu kawan dasa  
Marmadi sakadangneki  
rejeng Rum Kebar  
Biraji lan Ngabesi.
5. Ing Kunawar Tursina Ngindi ing Kangkan

ing Kaos lan ing Turki  
Kuwari Kuristam  
Demis lan ing Katijah  
ing Miskat lan Kandhabumi  
kadi samodra  
wadya Rab angerobi.

6. Prabu Kewusnendar pan sampun alengguh  
lan prabu ing Medayin  
mungging amparan mas  
aglar kang saos ing prang  
amit sang rajeng Bedhali  
Prabu Ukdiyar  
ratu andeling jurit.
7. Ingkang paman mring sang Prabu Kewusnendar  
sampun wahana esthi  
sang Raja Ukdiyar  
prapta ing rananggana  
susumar anguwuh tandhing  
payo wong Arab  
metuwa ing ngajurit.
8. Amiyarsa Tamtanus sigra angatag  
marang prajuritneki  
nateng Demis mangsah  
ingiden nitih liman  
amandhi gada sang aji  
prapteng payudan  
ayun-ayunan sami.
9. Atatanya sira sang Raja Ukdiyar  
sapa ranmu prajurit  
mapag tandangingwang  
baya ta bosen gesang  
sugal denira nauri  
pan insun raja  
Debruni nateng Demis.

10. Payo Arab apa kang ana ing sira  
nauri nateng Demis  
dudu caraningwang  
yen ndhinginana ing prang  
Raja Ukdiyar sru angling  
lah tadhahana  
sun gada sira mangkin.
11. Iki Raja Ukdiyar andel Yujana  
amuter gada aglis  
rajeng Demis sigra  
kudhung parise waja  
pinupuh tangkis tan osik  
gada ginada  
rame denira jurit.
12. Tri gumuruh suraking mungsuh lan rowang  
yayah nengker wiyati  
sang Raja Ukdiyar  
ngantep panggadanira  
tinulak mawanti-wanti  
dipangganira  
rajeng Demis kababit.
13. Sirah pecah pejah dipangga sang nata  
malumpat rajeng Demis  
tangi ngundha gada  
gajahira Ukdiyar  
ginada sirah ngemasi  
kebat malumpat  
sira rajeng Bedhali.
14. Sami dharat kang yudagada-ginada  
gada tan migunani  
sareng sereh gada  
rame pedhang-pinedhang  
adangu tangkis-tinangkis  
aseleh pedhang

ruklet cangking-cinangking.

15. Gantya sendhal-sinendhal buwang-binuwang  
gapyuk pareng walneki  
rajeng Demis sigra  
binanting tibeng lemah  
jajane wus denanciki  
wau kang prapta  
sang Prabu Pusanggarim.
16. Rajeng Demis karebut wurung binanda  
angling rajeng Bedhali  
sapa ranira  
angling sang rajeng Sarwal  
ingsun Raja Pusanggarim  
lah sira sapa  
ingsun rajeng Bedhali.
17. Iya Raja Ukdiyar kaprenah paman  
ing rajeng Yujaneki  
payo akudhunga  
parismu ingsun gada  
muter gada marepeki  
Raja Ukdiyar  
anggada wanti-wanti.
18. Pusanggarim prakosa tangkis legawa  
gantya bindi-binindhi  
sami kuwatira  
kalih sami prawira  
adangu datanpa kardi  
aseleh gada  
pedhang-pinedhang uthik.
19. Samya wasis ing aprang amain pedhang  
angling rajeng Bedhali  
sapa bebetira  
bisa prang main pedhang

ing batin rajeng Bedhali  
tangepe padha  
lawan paguroneki.

20. Raja Pusanggarim anauri sugal  
iya pan bapa mami  
aran Raja Istam  
arine mring Kistaham  
Raja Ibruskara kaki  
Raja Rurustam  
pan iku buyut mami.
21. Raja Dhasthakenas iku canggahingwang  
sang Prabu Asanarim  
udheg-udhegingwang  
tan ana apes ing prang  
mung uwa Kistaham dhangin  
sawabe cidra  
marang Jeng Gusti Amir.
22. Ingsun uwis kinulawisudheng Ambyah  
mulih karaton mami  
nagara ing Sarwal  
piningaken ingwang  
mulih kaprawiran mami  
ing kuna-kuna  
angumpul ing sun sekti.
23. Sagendhinge pranga lawan Kewusnendar  
aja kaya sireki  
sang Raja Ukdiyari  
mangu angunandika  
kaprawiran Yujaneki  
warising kuna  
pan saking Asanarim.
24. Ulah gada ulah pedhang ulah tumbak  
warise Asanarim  
sang prabu ing Sarwal

muruk Raja Bukahar  
Raja Bukahar muruki  
rajeng Yujana  
sang Prabu Bujanjani .

25. Raja Bujanjani muruk ingkang putra  
Iskardan Ibnu Jani  
lan ari Ukdiyar  
Iskardan muruk putra  
iya prabu Yujaneki  
Sri Kewusnendar  
kaprawiraning jurit.
26. Kadigdayan pratingkah ngadoni aprang  
warise Asanarim  
sang Raja Ukdiyar  
eling yudane kempa  
trah guru mungsuhe jurit  
sang rajeng Sarwal  
kang nama Pusanggarim.
27. Dadya riwu ing prang nedya kawal-kawal  
dangu banting-binanting  
rame ngadu yasa  
surak umung wurahan  
denira prang bolak-balik  
angkat-ingangkat  
junjung-jinunjung genti.
28. Pusanggarim binanting tiba kalumah  
kantaka sri bupati  
gya Raja Ukdiyar  
taklim guru kaetang  
dadya nimbangi gumlinting  
api kantaka  
ing lok pur kang ajurit.
29. Ingundurken kalihe ingkang kantaka  
sang Prabu Pusanggarim

undure binayang  
sanget kantakanira  
dene sang rajeng Bedhali  
mung jinaganan  
kantaka api-api.

30. Raden Ruslan umatur marang kang raka  
kangmas kula miyosi  
sarya ngling mring paman  
kularsa magut ing prang  
Maktal angling kadipundi  
pan maksih kathah  
prajurit kang para ji.
31. Prabu Jaka Jayusman alon ngandika  
jeng paman iku yayi  
durung pati lila  
dening tarunanira  
tangeh yen mangun ajurit  
Rahaden Ruslan  
meksa aturireki.
32. Nadya anem cabara tiwas ing aprang  
jer arsa angrasani  
tingkahing ayuda  
lamun trahing prawira  
Wong Agung Surayengbumi  
sampun kasebya  
ing sabil pati pinrih.
33. Dadya ewed kang reka miwah kang paman  
Maktal temah nuruti  
mothahe kang putra  
tuwin Prabu Jayusman  
nuruti aturing ari  
srah ing Hyang Suksma  
sigra atur udani.

34. Mring kang ibu kalih lamun ingkang putra  
Ruslan kedah miyosi  
mangkana umangсах  
arine Kewusnendar  
Raden Bandarkung anitih  
turangganira  
mandhi lawung respati.
35. Lamun mijil Yujana sadaya guna  
gagamaning ngajurit  
gada pedhang tumbak  
singa ingkang cinandhak  
apan sami ngrespateni  
wasis utama  
trahing srinata luwih.

## 25. PRANG BARUBUH

### SINOM

1. Prapta ing rana susumbar  
Bandarkung aminta tandhing  
heh payo bala Kuparman  
sapa kang arsa ngemasi  
papagen tandang mami  
yeki satriya Bandarkung  
arine Kewusnendar  
bagus prawira ngajurit  
iya ingsun bobote nagri Yujana.
2. Wong Agung ing Parangteja  
kang putra ingandheg dhingin  
pamrihira Arya Maktal  
apan angalub-alubi  
yen ingkang putra mijil  
amanggiha sampun lesu  
ngatag prajuritira  
sang Raja Sakirdan Ali  
sigra mangsah Sri Naranata ing Miskad.
3. Sampun anitih turangga  
sang Raja Sakirdan ali  
kawot sakapraboning prang  
turangganira sisirig  
prapteng rana wus  
tatanya Raden Bandarkung  
lah sapa aranira  
apa satriya bupati  
angakuwa mupung isih duwe nyawa.
4. Sumaur kang tinakonan  
sun Raja Sakirdan Ali  
nagaraningsun ing Miskad

iki andeling ngajurit  
iya kang ngebayani  
sabalane gustiningsun  
Wong Agung Parangteja  
yeki si Sakirdan Ali  
rajeng Miskad kang tate nguwisi karya.

5. Payo apa aneng sira  
Raden Bandarkung nauri  
iya sira denprayitna  
sun tumbak aja ngoncati  
kudhunga paris wesi  
rajeng Miskad wus akudhung  
parise bandabaya  
munggeng sinahing turanggi  
gya tinumbak parisane rajeng Miskad.
6. Sigar nrus sirahing kuda  
lajeng naratas ing wentis  
kuda pejah rajeng Miskad  
niba ing siti tan eling  
wus ginosongan nuli  
wong Yujana surak umung  
gumuruh lir ampuhan  
Bandarkung mider sisirig  
nguwuh-uwuh susumbar aminta lawan.
7. Wau denira utusan  
prabu jaka tur udani  
marang kang ibu kalihnya  
nenggih kalamun kang rayi  
kedah miyos ing jurit  
Rahaden Ruslan puniku  
angling Retna Sudara  
payo adandana yayi  
angimbangi ing yudane sutanira.

surake awanti-wanti  
dereng wonten asor unggul ing ngayuda.

12. Wong Arab kang baris kuda  
nateng Kebar Kandhabumi  
Yunan Kunawar Tursina  
Kangkan ngindi Ngalabani  
sayuta winitawis  
prapta ngimbangi ing pungkur  
dening prajurit dharat  
prapta munggendh kanan kering  
kagayat mulat tanya Prabu Kewusnendar.
13. Wong karane apa  
baris kuda anusuli  
umatur Kya Patih Bestak  
mring sang prabu Yujaneki  
den radi ngati-ati  
mengah wonten wadosipun  
adatipun wong Arab  
yen aprang arsa mungkasi  
pan punika praptane kang baris kuda.
14. Nanging punika wikana  
dede paduka kang jurit  
manawi asalin gelar  
kawula boten kadugi  
wau kalih kang jurit  
pan rame aliru tembung  
dangu lantaran watang  
gebang-ginebang pra sami  
Raden Putra sayah aber tangkisira.
15. Lawunge wus katindhihan  
aber panyuthatireki  
Raden Ruslan kalorongan  
telompene katalampik  
kateratas kang wentis

8. Sumaos titihanira  
sigra kalih pareng nitih  
wus ngrasuk kaprajuritan  
mesat anapak wiyati  
ngimbangani saking tebih  
jumentara nyamut-nyamut  
wau Rahaden Ruslan  
wus anitih kuda nirig  
Tambangjanggi turangga weton Kunawar.
9. Prapteng rana yun-ayunan  
lan mengsah sang rajasiwi  
Arya Bandarkung tatanya  
sapa aranmu prajurit  
apekik tur respati  
kuciwane maksih timur  
durung pantes mangun prang  
nauri sang rajasiwi  
ingsun putra Kuparman Rahaden Ruslan.
10. Patutan putri Karsinah  
Rabingu Sirtupelaheli  
ingkang pinundhut atmaja  
ing ibu Ismayawati  
payo tandhing kuwanin  
lah sapa aranmu mungsuh  
angling putra Yujana  
Bandarkung ingsun prajurit  
denpariyitna putra Rab sira sun tumbak.
11. Raden Ruslan mandhi watang  
genteyong lawung pinethit  
kapanjange lawungira  
aber kinarya atangkis  
tinumbak Raden Mantri  
tangkis legawa kang lawung  
rame gebang-ginebang

wentise kiwa kacundhuk  
niba saking turangga  
sumaput panonireki  
surak umung gumuruh bala Yujana.

16. Wau kang aneng ngawiyat  
waspada kang putra kanin  
nanging sampun ginosongan  
kang prapta Raden Pirngadi  
umagut liru tandhing  
kang ngambara kalihipun  
maniyup kadya kilat  
putri adi Parangakik  
lawan putri Karsinah durma praptanya.

## 26. PEJAHIPUN BANDARKUNG PINEDHANG ING PUTRI KARSINAH

### DURMA

1. Prapteng dharat kagyat kang samya tumingal  
heh mirea Pirngadi  
sang putri lingira  
tedhak putra ing Selan  
wur lamun sang raja putri  
dharat umangsah  
nembah Raden Pirngadi.
2. Raden Arya Bandarkung sigra pinedhang  
mring Sirtupelaheli  
pagas jangganira  
sigra wau cinandhak  
mring Dewi Sudarawreti  
sirah binuwang  
mring baris Yujaneki.
3. Prabu Jaka Jayusman sasampunira  
nangisi mring kang rayi  
mulat kang ayuda  
asru dennya ngandika  
paman punika jeng bibi  
raka paduka  
lan ibu kang ajurit.
4. Sigra ngadeg Wong Agung ing Parangteja  
ngawe sagung narpati  
saprajuritira  
sumahab pareng mangsah  
kadya ladhu banjir wukir  
krodha kotbuta  
gregut krana ngajrihi.
5. Para ratu kang nindhihi baris kuda

sadaya anglancangi  
bala ing Yujana  
prajurit pareng mangsah  
pra dipati para mantri  
pan kadya uyah  
sawuku tibeng kali.

6. Pangamuke lamdahur sabalanira  
dharat kang andhadhani  
Prabu Kewusendar  
neng kuda narik pedhang  
mangsah ginrebeg prajurit  
piyak kang kambah  
ing wuri anangkebi.
7. Prabu Jaka Jayusman nitih turangga  
ingayap ing prajurit  
lir kinarirengga  
gajah rong leksa ngayap  
lan turangga tigang kethi  
kang pra dipatya  
satriya tan atebih.
8. Kadya alun gumulung kambah arebah  
riwut wuru ing jurit  
sagung para raja  
lan sapunggawanira  
tanpa wilis kang ngemasi  
mungsu lan rowang  
yayah marawa getih.
9. Arya Maktal munggend wurining kang putra  
lan prabu ing Yunani  
Marmadi manengah  
mangsah sakadangira  
myang sagung para narpati  
mangsah kotbuta  
bubrah tataning baris.

10. Ngobrak-abrik wong Arab riwut ing yuda  
wong Yujana Medayin  
kyeh rusak kasrakat  
dhadhal akeh kababad  
anggada rajeng serandil  
lan raja Sarkab  
Kaos Ngindi Ngabesi.
11. Mawur-mawur maledug manjing jro kitha  
sang prabu ing Medayin  
lawan Patih Bestak  
ndhingingi manjing kitha  
Kewusnendar denaturi  
mring Jawiarta  
suwawi sri bupati.
12. Manjing kitha datan kenging sinawawa  
wadya Rab kang para ji  
wuru riwut ing prang  
tan kani tadhahana  
rama paduka Medayin  
wus manjing kitha  
wonten pikir ing nbenjing.
13. Kewusnendar enget mundur sawadyanya  
sakarine kang mati  
wus manjing jro kitha  
aken anutup lawang  
saketheng marapat sami  
sampun ingisen marih
14. Kasapih ing latri mundur kang wadya Rab  
sang aparbu sisilih  
sampun masanggrahan  
makuwon para raja  
ing dalu samya akemit  
mring Raden Ruslan  
tan ana kang njampeni.

15. Sakathahe kang kanin dereng tinamban  
kesahe Marmayeki  
apan datan ana  
wani ngusadanana  
kang ibu kalih nangisi  
sedhik sadaya  
wadya Rab kang para ji.
16. Kang tinuduh mring Wong Agung Parangteja  
ngepung kitha mrepeki  
ratu pitung dasa  
samyata ratu wadana  
rajeng kebar Kandhabumi  
dadya pangarsa  
Biraji rajeng Ngindi.
17. Lawan ing Rum Ngabesi lan ing Kunawar  
wus majeng barisneki  
amrepeki kitha  
gumrah kang bala kuswa  
pakuwon Yujana nenggih  
sang rajeng Selan  
Lamdahur kang ngebroki.
18. Samyata nugel wong Arab buntuting kuda  
pratandha yen prihatin  
ya ta kawuwusa  
sang Prabu Kewusnendar  
lan kang rama ing Medayin  
daluh bujana  
lan wadya kang para ji.
19. Langkung ngungun sang Aprabu Kewusnendar  
pejahe ingkang rayi  
Bandarkung kang nigas  
ciptane sri narendra  
kalonga sapuluh nenggih  
kang para raja

kang para raja  
tan sami lan kang rayi.

20. Aprasasat sempal baune kang kiwa  
kadang andeling jurit  
Bandarkung prawira  
sang Prabu Kewusnendar  
tatanya mring kya apatih  
heh Patih Bestak  
sapa mau kang prapti.
21. Saking wiyat si Bandarkung kang anigas  
apa ta Kuraisin  
sutanira Ambyah  
nata dewi Ngajerak  
Patih Bestak matur aris  
apan punika  
garwane Jayengmurti.
22. Putri Parangakik sang Retna Sudara  
dene ta kang satunggil  
putri ing Karsinah  
nenggih ingkang paparab  
Rabingu Sirtupelaheli  
samy digdaya  
Ruslan ibunireki.
23. Kang satunggil ibune Raden Jayusman  
putri ing Parangakik  
mila wau amba  
angaturi mundura  
wong Arab yen pisah nenggih  
lawan Wong Menak  
sami galak ing jurit.
24. Luwung inggih yen wonten pun Kakungingrat  
sami jetmikeng jurit  
tuwan kendelena

- sami pinitambuhan  
yekti yen sedhik pribadi  
ngenes sadaya  
gustine nandhang kanin.
25. Pan sadalu nginum ngiras paguneman  
lah iki marang ngendi  
ing panduganira  
lungane Jayengrana  
Bestak matur tan kadugi  
gaibing Ambyah  
wonten wados manawi.
26. Duk rumiyin prang Pakaos inggih ical  
nging pinet sraya ing jin  
dhateng ing Jabal Kap kantos wolulas warsa  
balane kang kantun wrui  
ngreksa Muninggar  
pan datan kena pinrih.
27. Tur samanten sang prabu Kaos nagara  
pangepunge ngerobi  
prandene tan bisa  
mrepeki bala Ngarab  
wadya paduka puniki  
tikel aijab  
ijab lan bala Amir.
28. Yen pinelak tatane prajurit Ngarab  
sadaya ambek pati  
tan purun nungkula  
mantri miwah punggawa  
dadya serati pekathik  
anedya pejah  
tan wonten bolak-balik
29. Lawan mangke sampun meh kaputer ing rat  
mring sang Surayengbumi.

lah sugih dandanan  
putra tanapi garwa  
tuwin kang para narpati  
ing sapunika  
pan sampun angluwihi.

30. Sampun tangkar-tumangkar bandhu abandha  
sutaning kang para ji  
akathah prawira  
samyang ngentasi karya  
Sri Kewusnendar nglingnya ris  
lamun mangkana  
aywa na metu jurit.
31. Lamun ora wong Arab metoni ing prang  
enak tinambah sami  
dene kasusahan  
gustine nandhang brana  
nora nana kang nambani  
Marmaya minggat  
mulane sedhik kingkin.
32. Kawuwusa wau rajaputri Cina  
saya gung brangta kingking  
dening barisira  
nateng Yujana dhadhal  
samyang manjing kitha ngungsi  
sang putri Cina  
semang denaturi.
33. Angumpula aneng jro kitha Yujana  
nanging sang dyah tan apti  
neng jawi kewala  
tan nedya yen nunggila  
pan boten anedya jurit  
dadya Nusirwan  
ameksa maksih ajrih.

34. Dene dereng tinekan pundhutanira  
mangkana rajaputri  
wus sadasa dina  
saben dalu mring guwa  
neng pakuwon lamun ari  
neng pangkengira  
pan nora mijil-mijil.

## 27. WONG AGUNG DIPUNREREPA ING PUTRI CINA

### MIJIL

1. Duk samana pukul pitu mijil  
dalusang lir sinom  
prapteng guwa alon ing ature  
kadi pundi tuwan sampun eling  
atolih ing dasih  
kang kawelas ayun.
2. Kadya gonjinga giwanging langit  
sruning brataningong  
nguladara mrih ngestupadane  
mbok inggiha paduka mirahi  
sampun awis-awis  
sikara Wong Agung.
3. Sakeh ujar supata sakethi  
yen ciptaa ingong  
saking praja tan lyan sarirane  
dening lepat kawula sakedhik  
amamasang sandi  
mring rajeng Medayun
4. Parandene dereng kaping kalih  
panggih lan sang katong  
amung sapisan pan boten suwe  
dereng pocapan dereng ngaruhi  
tan wruh ing wawadi  
sikune wakingsun.
5. Ngulatana saidering bumi  
ingsun durung tumon  
wiwikine lir Wong Agung kiye  
sumakeyan nglalanangi bumi  
ambek tan tumolih  
mring sameng tumuwuh.

6. Kawlasana dasih melas asih  
kadya sawang layon  
yayah kanin manah rojah-rajuh  
keneng jemparing salawe sisih  
tumameng wakmami  
ajur mumur-kumur.
7. Satmatanen pukulun kang abdi  
gung nandhang wirangrong  
wus alami aweta mangkene  
angandika sang Surayengbumi  
tatane wong ngendi  
rabi marasepuh.
8. Nora kaprah panjalukireki  
luwih saking elok  
ngendi ana nglap biyangane  
misih jembar saidering bumi  
ndadak angrabeni  
maratuwanipun.
9. Apa jagad mung sagodhong pari  
nerak kang mangkono  
heh sang putri ngiyenga karsane  
basakena kewolak-kewalik  
alah dadi laki  
dene dadi mantu.
10. Sayektine kawula ngabekti  
saben awotsinom  
putri Cina ambekis anjeleh  
nora kudu simembah wakmami  
baya kajumpalik  
waras anyekukruk.
11. Sinembaha Surayaningbumi  
sayekti wurung wong  
ngegak-egik nembikur taune

lamis bae wakingsun sayekti  
Wong Agung kepati  
dennya mowor sambu.

12. Dosa sathithik denuthik-uthik  
lupute pinathok  
angelathak adoh apurane  
jamak wong kudu kepati-pati  
sayekti pinikir  
mrih cupeting luput.
13. Jeleh bosen maratuwa mami  
maratuwaningong  
nora ilok maratuwa pinet  
jamak kapan ingsun dadi rabi  
duk mangsa punapi  
nama mbok Medayun.
14. Sinten nyebut sinten kang ngarani  
sinten ta kang nguwoh  
Nimas Ratu Medayin ngong kiye  
ilang namaningsun pan wus salin  
Adaninggar mari  
mung Nyai Medayun.
15. Nyai Nusirwan bae kang maksih  
kabeh sebuting wong  
putri Cina wus ilang talere  
aran uwis dadi wong Medayin  
liwat menjanani  
mring sariraningsun.
16. Sinten ngucap liya paduka Mir  
wonten ngarsaningong  
teka boten kula brek cangkeme  
kula suwek kula juwing-juwing  
kula suwir-suwir  
kula sapu-sapu.

17. Kula thetheli pethel lan kudhi  
kula dheplok-dheplok  
kula sempal kula suwek-suwek  
brek reketek inggih ta suwawi  
tuwan ken mastani  
wonten ngarsaningsun.
18. Langkung duka jaja dadi geni  
katon marong-marong  
sru kumedut padone lathine  
Wong Agung miyat sang dyah sru runtik  
kendel datan anging  
wasana tumungkul.
19. Sang dyah miyat Wong agung awingit  
ngrerepa turnya lon  
kula atur pawarti yektine  
pabarisan rame prange wingi  
bala paduka Mir  
ing prang keh kapupu.
20. Putra paduka anandhang kanin  
rahaden kang anom  
ingkang putra Karsinah ibune  
kaprajaya wentise kang kering  
rajaputri kalih  
wingi ngamuk punggung.
21. Amedhangi mring wong Yujaneki  
kyeh murda kapocot  
inggih saking sang putri kalihe  
Retna Sudara angobrak-abrik  
Sirtupelaheli  
pangamuke riwut.
22. Lir kiyamat prangipun duk wingi  
sagung para katong  
ngamuk sadaya saprajurite

awit saking rajaputra kanin  
Kewusnendar gusis  
risak balanipun.

23. Rajeng Yujana sawadya ngisis  
atilar pakuwon  
samyang ngungsi mring jro kitha kabeh  
tutup korine merapat sami  
wadya Rab para ji  
wus samya tinuduh.
24. Kitha Yujana kinampung kikis  
barise pra katong  
nanging wadya Ngarab sadayane  
para nata pra samya prihatin  
buntuting turanggi  
tinugelan sampun.
25. Raden putra kanine ngranuhi  
kinemit pra katong  
gung nangisi kang ibu kalihe  
duk miyarsa Wong Agung awingit  
tyasnya lir jinait  
sang retna wotsantun.
26. Mila gusti welasa ing dasih  
kang edan anglamong  
tilar praja mung katon dheweke  
praptaning don amamara sandi  
tinarka ngugemi  
tinampik Wong Agung.
27. Lamun tuwan asiha samangkin  
welas mring ragengong  
mangke sampun kawula pisah nggen  
tan nyelaki pakuwon Medayin  
yèn tuwan ugemi  
garwa ji Medayun.

28. Rabining mungsuh kasor ing jurit  
yekti yen binoyong  
datan wonten ing jana eloke  
wus pantes atas wong mangun jurit  
sirna ucapneki  
anak lawan biyung.
29. Singa tiwas kasoran ing jurit  
pan boyong-binoyong  
mangsa wontena jalma ucape  
wus wajibe wong unggul ing jurit  
mboyong nini keni  
miwah mboyong biyung.
30. Lah punapa kangtuwan lingsemi  
aran wong keboyong  
nadyan mengsaha bapa yektine  
mungsuh kaki wajib mboyong nini  
esah ing prajurit  
yekti yen rahayu.
31. Wong Agung tumungkul tyasnya wingit  
kendel tan miraos  
putri Cina nungkemi padane  
angel temen karsane wong iki  
mbok inggih nauri  
sampun pijer minggu.
